ÓZBEKSTAN RESRUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

JOQARI BILIMLENDIRIW SISTEMASI KADRLARIN QAYTA TAYARLAW HÁM QÁNIGELIGIN JETILISTIRIW INSTITUTI

QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI JANÍNDAǴÍ PEDAGOG KADRLARDÍ QAYTA TAYARLAW HÁM OLARDÍŃ QÁNIGELIGIN JETILISTIRIW AYMAQLÍQ ORAYÍ

**"Tastíyíqlayman"**

Aymaqlıq orayı direktorı:

__________K.Ubaydullaev

"____" ________ 2026-jıl

**« QARAQALPAQ TILI HÁM ÁDEBIYATIN OQITIWDA ZAMANAGÓY PEDAGOGIKALIQ TEXNOLOGIYALAR HÁM METODIKALAR»** modulí boyínsha

# OQÍW-METODIKALÍQ KOMPLEKS

**Nókis – 2026**

O’ZBEKSTAN RESRUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

JOQARI BILIMLENDIRIW SISTEMASI KADRLARIN QAYTA TAYARLAW HÁM QÁNIGELIGIN JETILISTIRIW INSTITUTI

QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI JANÍNDAǴÍ PEDAGOG KADRLARDÍ QAYTA TAYARLAW HÁM OLARDÍŃ QÁNIGELIGIN JETILISTIRIW AYMAQLÍQ ORAYÍ

**“Tastíyíqlayman”**

Aymaqlıq orayı direktorı:

__________K.Ubaydullaev

“____”  _______  2026-jıl

**« QARAQALPAQ TILI HÁM ÁDEBIYATIN OQITIWDA ZAMANAGÓY PEDAGOGIKALIQ TEXNOLOGIYALAR HÁM METODIKALAR»** modulí boyínsha

# OQÍW-METODIKALÍQ KOMPLEKS

**Nókis – 2026**

Oqıw-metodikalıq kompleks joqari bilimlendiriw, pa’n ha’m innovasiyalar ministirliginiń 2024 jıl “27”-dekabrgdegi 485-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan úlgili oqıw reje hám baǵdarlama tiykarında islep shıǵılǵan.

**Dúziwshi:** QMU «Qaraqalpaq til bilimi» kafedrası docenti, (PhD) N.Allamuratov

**Pikir beriwshi:** Sh.Ábdinazimov – QMU, «Qaraqalpaq til bilimi» kafedrası professorı, filologiya ilimleriniń doktori

Oqıw-metodikalıq kompleks QMU qasındaǵı PKQT hám UMOM orayınıń islep shıǵarıw keńesiniń 2025 jıl_____________dagi__- sanlı sheshimi menen tastıyıqqa usınıs etilgen.

**MAZMUNÍ**

I. JUMÍS BAǴDARLAMA........................................................................**Ошибка! Закладка не определена.**

II. MODULDI OQÍTÍWDA PAYDALANATUǴÍN INTERAKTIV METODLARÍ ..........................................................................................9

**III. TEORIYALÍQ LEKCIYA MATERIALLARÍ…………………………15**

**IV. ÁMELIY SABAQ MATERIALLARÍ……………………………….....30**

**V. GLOSSARIY…………………………………………………………….48.**

VI. PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR.....................................................52...

# I. JUMÍS BAĞDARLAMA

## Kirisiw

Mámleketimiz ǵárezsizlik jıllarında ámelge asırılǵan keń kólemli reformalar milliy mámleketlik hám suverenitetti bekkemlew, qáwipsizlik hám huqıqıy aǵartıwshılıqtı, jámiyette nızam ústinligi, insan huqıq hám erkinliklerine, milletler ara tatıwlıq hám diniy kewil keńlik ortalıǵın támiynlew ushın áhmiyetli tiykar bolıp, xalqımızdıń munásip turmıs keshiriwi, dúnya talapları dárejesinde bilim alıw hám kásip iyelewdi, puxaralarımızdıń dóretiwshilik dárejesin ámelge asırıw ushın zárúr shart-sharayatlar jarattı.

Jańa sharayatlardan kelip shıǵıp, «Bilimlendiriw haqqında»ǵı hám 2017-2021-jıllarǵa mólshenlengen «Háreketler strategiyası», Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Pedagog kadrlardı tayarlaw, xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin qayta tayarlaw hám olardıń qánigeligin asırıw sistemasın jánede jetilistiriw haqqındaǵı is-ilajları» Qararına muwapıq, bilimlendiriw basqıshlarında úziliksizlik hám izbe-izlikti támiynlew, tálimniń zamanagóy metodologiyasın jaratıw, mámleket tálim standartların kompetenciyalıq jantasıw tiykarında jedellestiriw, oqıw-metodikalıq komplekslerdiń jańa áwladların islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw hámde pedagog xızmetkerlerdi qayta tayarlaw hám olardıń qánigeligin asırıw sistemasın jánede jetilistiriwdi talap etedi.

**Moduldıń maqseti** – tıńlawshılarǵa (ákademiyalıq liceydiń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshılarına) qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq texnolgiyalar, sabaq túrlerinen paydalanıw usılları haqqında ulıwma túsinikler beriw, oqıtıwda sabaq túrlerin shólkemlestiriw, konferensiya sabaǵı, pikirlesiw sabaǵı hám lekciya sabaǵı menen oqıtıw usılları haqqında maǵlıwmatlar beriw.

**Moduldıń wazıypaları:**

- qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda lekciya túrlerinen paydalanıw;
- qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaq túrlerin shólkemlestiriw usılları;
- oqıtıwda lekciya sabaǵın paydalanıw texnologiyası;
- pikirlesiw sabaǵınıń prinsipleri hám usılları;
- konferensiya sabaǵın oqıtıwda metodlardan paydalanıw;

### Modul boyınsha tıńlawshılardıń bilim, kónlikpe hám qánigeligine qoyılatuǵın talaplar

- oqıtıwdıń formaları haqqında;

- seminar formasında alıp barılatuǵın sabaq tipi, oyın sabaǵı, jarıs sabaǵı, test, konferenciya sabaǵı haqqında túsiniklerge iye bolıwı;
- lekciya sabaǵı haqqında;
- konferensiya sabaǵı haqqında;
- pikirlesiw sabaǵında filologiyalıq tallaw hám didaktikalıq tallawdı úyreniw;
- ádebiyattı oqıtıw metodikası filosofiya, til bilimi, ádebiyattanıw ilimi, tariyx, estetika, pedagogika, psixologiya pánleri menen baylanısı haqqında túsiniklerge iye bolıwı;
- sabaq barısında kórkem shıǵarmalardı tallawdıń maqset hám principlerin úyreniw, ilimiy tallaw, estetikalıq tallaw, didaktikalıq tallaw, bul tallaw túrlerin ámeliyatta qollana biliwdi úyreniw;
- sabaq barısında jazıwshılardıń dóretiwshiligin tereńnen úyreniw;

**Moduldıń oqıw rejedegi basqa pánler menen baylanısı**

Modul mazmunı oqıw rejedegi « **Qaraqalpaq tili hám ádebiyatin oqitiwda zamanagóy pedagogikaliq texnologiyalar hám metodikalar** », «Innovaciyalıq tálim texnologiyaları hám jáhán tájiriybeleri», «Pedagogikalıq sheberlik hám kompetentlik», «Tálimde informaciya texnologiyaların qollanıw», h.t.b. oqıw modulleri menen úzliksiz baylanısta úyreniledi.

**Moduldiń joqarı tálimdegi ornı**

Joqarı oqıw orınlarında ótiletuǵin qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası modul menen tanısıw barısında tıńlawshılar (ákademiyalıq liceydiń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshıları) qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń usılları haqqında maǵlıwmatlrǵa iye boladı. Modul pedagogtıń jekke hám kásiplik maydanın jaratıw hám olardan tálim procesinde paydalanıw arqalı tálimdi nátiyjeli shólkemlestiriwge hám onıń sapasın sistemalı arttırıwǵa járdem beredi.

**Lekciya-trening sabaqlarınıń temaları**

Baǵdarı: Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı

Tıńlawshılardıń kontingenligi: Akademiyalıq liceydiń **q**araqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshıları

**«QARAQALPAQ TILI HÁM ÁDEBIYATIN OQITIWDA ZAMANAGÓY PEDAGOGIKALIQ TEXNOLOGIYALAR HÁM METODIKALAR»** moduli boyinsha sabaqlar bo'listiriliwi

| | Modul birligi atları | Ulıwma saatlar muǵdarı | Auditorialıq saat | Teoriyalıq saat | Ámeliy | Qosımsha sabaq | Óz betinshe |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Akademik licey bilimlendiriw sistemasında qaraqalpaq tili hám ádebiyatı pániniń tutqan ornı, onı oqıtıwdıń maqset hám wazıypaları.Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar | 4 | 4 | 2 | 2 | | |
| 2 | Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw usılları. Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda oqıtıw quralları, kórgizbeli metodlardı qollanıw.Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda interaktiv metodlardan paydalanıw | 4 | 4 | 2 | 2 | | |
| 3 | Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni muǵallimleriniń kásiplik rawajlanıw sistemasın arttırıw. Sabaqta oqıwshılardı reyting sisteması hám kompetenciya tiykarında bahalaw. Joqarı bilimlendiriwge kiriw testleriniń talaplarına sáykes shınıǵıwlar menen islew usılları. | 2 | 2 | | 2 | | |
| | **Jámi** | **10** | **10** | **4** | **6** | | |

1-tema: **Akademik licey bilimlendiriw sistemasında qaraqalpaq tili hám ádebiyatı pániniń tutqan ornı, onı oqıtıwdıń maqset hám wazıypaları.**

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Sabaq oqıtıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı túri sıpatında oqıtıw mashqalalarınıń wazıypaların belgilep alıw zárúr. Sol sıyaqlı qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda sabaqtıń sapalı hám nátiyjeli bolıwı ushın mına metodikalıq talaplardı saqlawǵa baylanıslı boladı. Oqıwshılarǵa arnalǵan qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıǵı mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasına muwapıq bolıp, oqıwshılardı bilim hám kónlikpeler sisteması menen qurallandırıladı. Mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasına

muwapıq sabaqtıń maqseti hám wazıypaları, ondaǵı baslı hám ekinshi dárejeli máseleler anıq belgilenedı.

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda bilim beriwshilik, tárbiyalıq hám rawajlandırıw maqseti hám olardıń birligi saqlanıwı kerek. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında oqıwshılardı ulıwma insanıy hám milliy qádiriyatlar ruwxında tárbiyalawǵa, olarǵa milliy ideya menen milliy ǵárezsizlik ideyalogiyasın sińdiriwge qaratılıwı kerek.

2-tema: **Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw usılları.**

Házirgi waqıtta kópshilik tiykarǵı metodikalıq innovaciyalar oqıtıwdıń interaktivlik usılların qollanıwǵa baǵdarlanǵan. Qaraqalpaqtilipánin oqıtıwda interaktiv metodlar kóp waqıtlardan beri qollanılıp kelmekte hám sonıń menen birge házirgi waqıtta da birden-bir zamanagóy natiyjeli usıllardan sanaladı.

Usı waqıtqa shekem bilim beriwde studentlerdi tek tayar bilimlerdi iyelewge úyretip kelingen edi. Bunday usıl student yaki oqıwshılardıóz betinshepikirlew, dóretiwshilik qábiletin, izleniwshiligin páseytip, sheklep qoyadı. Usıǵan baylanıslı házirgi dáwirde bilimlendiriw sistemasında, mektep, akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjlerinde oqıtıwda interaktiv metodlar qollanılmaqta.

3-tema: **Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni muǵallimleriniń kásiplik rawajlanıw sistemasın arttırıw.**

Házirgi kúnde tálim procesinde interaktiv metodlardı (innovaciyalıq, pedagogikalıq hám xabar texnologiyaları) paydalanıp, tálimniń sapasın arttırıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıq, itibar kúnnen-kúnge kúsheyip barmaqta. Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıp ótilgen sabaqlar studentler (yaki oqıwshılar) iyeleytuǵın bilimlerin ózleri izlep tabıwına, óz betinsheúyrenip talqılawına, hátte, juwmaqların da ózleri islewine qaratılǵan. Bul proceste oqıtıwshı jeke adam hám jámááttiń qáliplesiwi, bilim alıwı hám tárbiyalanıwına múmkinshlik jaratadı, sonıń menen birge basqarıwshı, shólkemlestiriwshi hám baǵdarlawshı wazıypasın atqaradı.

**Ózbetinshe bilimniń mazmuni**

| **q/t** | **Ózbetinshe bilimi temaları** |
|---|---|
| 1 | Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası pániniń maqseti hám wazıypaları |
| 2 | Metodikanıń basqa pánler menen baylanısı |
| 3 | Akademiyalıq liceyde ádebiyattı oqıtıw metodikası tariyxı |

| | |
|---|---|
| 4 | Baǵdarlamadaǵı berilgen materiallardı úyreniw tártibi |
| 5 | Kórkem oqıw hám onı shólkemlestiriw baǵdarları |
| 6 | Kirisiw jumıslardı úyreniw usılları |
| 7 | Sabaq túrleri hám onı shólkemlestiriw usılları |
| 8 | Birlesken sabaq tipi |
| 9 | Ádebiyat sabaǵında jańa pedtexnologiyadan paydalanıw usılı |
| 10 | Ádebiyat sabaǵında interaktiv metodlardı qollanıw usılları |
| 11 | Ádebiy janrlardı úyreniw |
| 12 | Jazıwshılardıń ómirbayanların úyreniw |
| 13 | Dramalıq shıǵarmalardı úyreniw |
| 14 | Sabaqtıń kórsetpeliligi |
| 15 | Tıńlawshılarda ádebiy teoriyalıq túsiniklerdi qáliplestiriw máseleleri |

## Tiykarg‘i a’debiyatlar


1. Zunnunov A., Xotamov N., Esonov J., Ibrohimov A. Adabiyot o‘qitish metodikasi.(darslik), Toshkent, «O‘qituvchi», 1992.
2. Yuldashev Q. Adabiyot o‘qitishning ilmiy nazariy asoslari. Toshkent, «O‘qituvchi», 1996.
3. Paxratdinov A’. Qaraqalpaq a’debiyatin oqitiw‘ metodikasi. (oqiw qollanba), Nokis, «Bilim», 2004
4. Yusupov Q. Qaraqalpaq a’debiyatin oqitiw metodikasi. (sabaqliq), Tashkent, «Sano-standart», 2018
5. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde qaraqalpaq a’debiyatin oqitiw metodikasi. Monografiya. – Nokis: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 b.t. – 112 b.


## Qosimsha a’debiyatlar


1. Mirziyoyev Sh.M. Tanqidiy tahlil, qatiy tartib-intozom va shaxsiy javobgarlik-har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bo‘lishi kerak. – Toshkent: O‘zbekiston, 2017. – 56 bet.
2. Mirziyoyev Sh.M. Buyuk kelejagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. – Toshkent: O‘zbekiston, 2017. – 469 bet.
3. O‘zbekiston Respublikasining «Ta'lim to‘g‘risida» Qonuni. –Toshkent, 2020 yil, 23-sentyabrь, O‘RQ-637.

4. Incheon Declaration / Education 2030: Towards inclusive and equitable quality education and lifelong learning for all. – r.p.6-7. http://unesdoc. unesco. Org /images/ 0023/002338/233813m.pdf.

5. Toliipov O‘., Usmonboyeva M. Pedagogik texnologiyalarning tatbiqiy asoslari. «Fan», 2006

6. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde qaraqalpaq a’debiyatin sabaqtan tis jumislar arqali uyreniwdin ilimiy metodikaliq ma’seleleri. (Metodikaliq qollanba). – No’kis, «Miraziz Nukus», 2018. – 5 b.t. – 80 b.

7.Yusupov K.A. Akademik litseylarda qoraqalpoq adabiyotini o‘qitish metodikasi (pedagogika fanlari doktori (DSc) dissertatsiyasi avtoreferati). – Nokis, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 b.t – 66 bet.

8.Yusupov K.A. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 b.t. – 380 b.

Internet resursları

1. www.edu.uz. ; 2. www.uzedu.uz.; 3. www.bimm.uz .;4. www.pedagog. uz ;5. www. Ziyonet. Uz ;

**Internet resursları**

1. O’zbekiston Respublikasi Oliy va o’rta maxsus ta’lim vazirligi: www.edu.uz.

2. O’zbekiston Respublikasi Xalq talimi vazirligi: www.uzedu.uz.

3. O’zbekiston Respublikasi Xalq talimi vazirligi huzuridagi Mulьtimedia umumtaьlim dasturlarini rivojlantirish markazi: www.eduportal.uz, www.multimedia.uz.

## II. MODULDÍ OQÍTÍWDA PAYDALANÍLATUǴÍN INTERAKTIV OQÍW METODLARÍ

Qaraqalpaq ádebiyatı páni boyınsha metod túrlerin durıs qollanıw ádebiyatshı muǵallimnen metodikalıq sheberlik talap etedi. Hárbir metodtıń mazmunın, qollanıw principlerin hám usıllarına durıs túsiniw alıw kerek. Sol sıyaqlı mektep, akademiyalıq licey hám joqarı oqıw orınlarında ádebiyat sabaqlarında **«BBB» metodı** kóp qollanadı. Bull metod oqıwshı yaki studentlerdiń ótilgen tema boyınsha bilim dárejelerin bahalaw imkaniyatların beredi. Onı qollanıwda oqıwshı yaki studentler topar, jámáát bolıp islesiwi múmkin. Sabaq juwmaǵında topar menen islewdiń nátiyjeleri, olar tárepinen orınlanǵan jumıslar tallanadı. Toparlar iskerligi tómendegi formada shólkemlestiriledi:

Oqıtıwshı tárepinen berilgen tapsırmalardı orınlaydı; sabaq juwmaǵında joba bántleri boyınsha toparlardıń minásábetleri ulıwmalastırıladı

Toparlar ulıwma sxemanıń bólek bántleri boyınsha oqıtıwshı tárepinen berilgen tapsırmalardı orınlaydı, ideyalardı ulıwmalastırıladı

Oqıw iskerligi jazıw taxtasına yaki jumıs qaǵazına óz kórinisin tapqan tómendegi sxema tiykarında shólkemlestiriledi:

| Bilemen | Biliwdi qáleymen | Bilip aldım |
|---|---|---|
| | | |
| | | |

Metodtan paydalanıw úsh basqısh tiykarında ámelge asırıladı:

Oqıwshılardıń úyreniliwi jobalastırılǵan tema boyınsha túsiniklerge iye bolıw dárejeleri kórsetiledi. Olardıń tema boyınsha bilimlerin bayıtıwǵa bolǵan imkaniyatları úyreniledi. Oqıwshılar temaǵa baylanıslı maǵlıwmatlar menen tolıq tanıstırıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha ótkeriletuǵın sabaqlarda **“3X4” t**exnologiyasınıń mazmunı oqıwshı yamasa studentlerdi anıq bir mashqalanı jekke túrde pikirley alıw, sheshimin tańlay biliw, pikirler arasınan áhmiyetlisin taba alıw, bir neshe áhmiyetli pikirdi ulıwmalastırıw, olar arasında mashqala boyınsha anıq túsinik payda etiw, hám óz pikirlerin maqullay alıwǵa úyretedi. Bul usıl oqıwshı yamasa studentlerdi ózbetinshe pikrlew, topar bolıp islew, pikirlerdi jámlew, teoriyalıq hám ámeliy túsinikler payda etiw, kópshilikke óz pikirin ótkiziw, óz pikirin maqullaw, mashqalanı sheshiw hám temaǵa ulıwma túsinik beriwde úyrenilgen barlıq temalar boyınsha iyelegen bilimlerin ámelde qollanıwǵa járdem beredi. Texnologiya járdeminde oqıwshı yamasa studentler tapsırmalardı dáslep individual, soń kishi toparlarda jazba formada orınlaydı.

**Eskertiw:** 1. Toparlar sanınıń tortew bolıwı texnologiya sapalıǵın arttıradı. Bunda sabaqta zerigiw bolmaydı. Eger toparlar sanı 4ten artıq bolsa, toparlardı eki úlken toparǵa ajıratıw múmkin.

2. Tarqatpalı materiallar kórsetilgen tema boyınsha 3 tayanısh sóz, sóz dizbegin yamasa 3 gáp jazıw talap etiledi.

3. Dásleppki tapsırma orınlanǵansha, toparlar saat tili baǵdarı boyınsha óz jayların ózgertedi. (1-topar 2-topardıń, 2-topar 3-topardıń, 3-topar 4-topardıń, 4-topar 1-topardıń ornın iyeleydi.). bul jaǵdaylar hár bir topar óziniń dáslepki ornına jetip kelgenshedawam etedi.

4. Toparlardıń prezidenciyasıdan soń hárbir oqıwshı yamasa student individual túrde avtorlıq jumıstı dálillep beriwi múmkin.

Sabaqta texnologiyanı qollanıw tártibi tómendegishe:

1. Oqıwshı yamasa studentler sanına qarap kishi toparlarǵa ajıratıladı.
2. Oqıtıwshı oqıwshı yamasa studentlerdi texnologiya mazmunı hám onı qollanıw tártibi menen tanıstırıladı.
3. Hár bir kishi toparǵa joqarı bólimine jazıwı bolǵan qaǵazlar tarqatıladı.
4. Kishi toparlar belgilengen waqıt ishinde tapsırmanı orınlaydı.
5. Tapsırmanı orınlap bolǵansha toparlar saat tili
baǵdarı boyınsha óz orınların ózgertedi.
6. Bir topardıń ornın alǵan 2-topar dáslepki topardıń jumısın dawam ettiredi. (jáne dáslepki topar jumısı menen tanısıp oǵan úsh jańa pikir jazıp qoyadı.)
7. Topar aǵzaları jáne bir bar orınlarǵa almasadı.
8. Toparlardıń almasıwı olar dáslepki orınlarǵa qaytıp kelgenlerinshe dawam etedi.

9. Óz orınlarına qaytıp kelgen kishi toparlar tarqatpa materiallar tiykarında toplaǵan barlıq pikirlerin úyrenedi hám ulıwmalastırıp tayarlaydı.

10. Hár bir topardan bir aǵza shıǵıp topar jumısın usınadı.

11. Oqıtıwshı oqıwshı yamasa studentlerdiń jumısların tekserip, islenbelerdi bahalaydı.

**«Assesment»** - óz-ózin prezentaciya islew, málim bir sınaqtan ótiw. «Assesment» metodı 1960-jıllarda Evropada payda bolıp, bul bahalaw usılı eń dáslep áskeriy adamlar arasında ótkerilgen.

«Assesment» metodı xızmetkerlerdi bahalaw, attestaciyalaw usılı bolıp, qatnasıwshılar toparı málim bir sınaqtan ótkeriledi. Ádebiyat materialları boyınsha jarıslar, oyınlar, test tapsırmaları, óz-ózin prezentaciya etiw, jazba jumıslar h.t.b. Orta hám joqarı oqıw orınlarında oqıwshı yaki studentlerdiń bilimlerin bahalawda qollanadı. Usı kózqarastan «Assesment» metodı akademiyalıq licey oqıwshılarınıń bilim dárejesin anıqlawda, olarǵa teoriyalıq bilimlerdi ózlestiriw, iyelegen bilim-kónlikpeleriniń nátiyjelerin bilip alıwda da qollanadı. Bul usıl arqalı oqıtıwshı oqıwshılardın qanday bilim dárejede oqıp atırǵanın anıqlaydı.

«Assesment» metodınıń qollanıwı: 1.Ótken temanı, bólimdi ótkennen soń;

2.Oqıw procesinde iyelegen bilimlerin anıqlaw ushın;

3. Oqıtıwshınıń aldına kim keldi, qanday bilim dárede keldi? Sonı biliw ushın qollanadı**.**

**Kesteni toltırıń**

| | |
|---|---|
| 1.Ádebiyattanıw qanday tarawlardan turadı?<br>A) proza, lirika, drama;<br>V) ádebiyat sını, maqalalar<br>S) ádebiyat sını, ilimiy miynetler<br>D)ádebiyat sını, ádebiyat tariyxı, ádebiyat teoriyası<br>0-5 ball | **Mashqalalı jaǵday**<br><br>Ádebiyatta poәma, ballada sıyaqlı janrlar bar. Ádebiyattanıwda olardı qospaq aralas janrlar dep ataydı. Ne ushın?<br><br>0-5 ball |
| **Simptom (belgi)**<br>Ádebiyattanıdıń úyreniw obekti<br><br>0-5 ball | **Ámely kónlikpe**<br><br><br>0-5 ball |

**Esletpe:** «Assesment» metodı sabaq procesinde qollanǵanda, oqıtıwshınıń ózindngi materialda (tarqatpanıń arqa tárepinde), durıs juwabı bolıwı tiyis!

Studentlerdiń bull kesteni toltırıwı ushın oqıtıwshı waqıt belgileydi. Máselen, 5-7 minut beriliwi múmkin. Berilgen waqıt tamamlanǵannan soń oqıtıwshı kestege sorawlardıń durıs juwabın oqıydı, al oqıwshılar ózin-ózi bahalaydı. Bunıń ushın aldın ala oqıwshılar menen juwaplardı bahalaw ushın hár bir baǵanaǵa qoyılatuǵın balldı oylasıp alǵan bolıwı tiyis.

| | |
|---|---|
| 1.Ádebiyattanıw qanday | **Mashqalalı jaǵday** |

| | |
|---|---|
| tarawlardan turadı?<br>D) ádebiyat sını, ádebiyat tariyxı, ádebiyat teoriyası<br>0-5 ball | Ádebiyattanıwda poэma, ballada sıyaqlı janrların qospaq yamasa aralas janrlar dep ataydı. Sebebi , olar ózinde eki janrdıń, yaǵnıy lirikanıń (sezim) hám эpikanıń (sюjet) qásiyetlerin jámlestirgen boladı.<br>0-5 ball |
| **Simptom (belgi)**<br>Ádebiyattanıdıń úyreniw obekti<br>0-5 ball | **Ámely kónlikpe**<br>0-5 ball |

Qaraqalpaq ádebiyatı pánin oqıtıw barısında interaktiv metodlardıń bir túri **"Bumerang" texnologiyası** da qollanadı. Bul metodta oqıwshı (student) ádebiyat sabaǵı barısında, sabaqtan tısqarı túrli ádebiyatlar, tekstler menen islesiw, yadta saqlaw, sóylep beriw pikirlerdi erkin bayan etiw, qısqa waqıt ishinde kóp bilimge iye bolıw, oqıtıwshı tárepinen hámme oqıwshılar iskerliginin birdey bahalanıwı ushın múmkinshilik jaratıwga xızmet etedi. Bul oqıtıwshıǵa tarqatpa materiallarınıń oqıwshılar tárepinen toparda, jeke túrde (individual) nátiyjeli ózlestiriwin, auditoriyada shólkemlestiriletuǵın sáwbetlesiwdiń diskussiyaǵa aylanıwın támiyinlew arqalı olardıń iskerligin qadaǵalaw múmkinshiligin beredi. Bul texnologiyadan pikirlesiw formasındaǵı sabaqlarda individual, juplıq, topar hám jámáát túrlerde paydalanıw múmkin. Basqa interaktiv metodlar sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatı sabaq barısında usı texnologiya qollanıp, tómendegi tártipte ámelge asırıladı:

- Kishi toparlar shólkemlestirilip, texnologiyadan paydalanıw qaǵıydası;
- Hárbir toparǵa óz betinshe úyreniw ushın nomerli tekst tarqatıladı;
- Toparlar ózlerine berilgen tapsırma tiykarında oqıw materialın ózlestiredi;
- Kishi toparlar qayta shólkemlestiriledi;

- Oqıwshılar kishi toparlarda náwbet penen ózleri óz betinshe úyrengen tekstler haqqında bir-birine maǵlıwmat berip, oqıwshılar tárepinen wyrenilgen tekstlerdi hám ózlestiredi;

- Oqıwshılar tárepinen oqıw materiallarınıń nátiyjeli ózlestirilgenin anıqlaw ushın soraw-juwap tiykarında ishki qadaǵalaw ótkeriledi hám topar aǵzaları ózleriniń "dáslepki toparı"na qaytadı;

- Toparlar tárepinen toplanǵan ballardı esaplap barıwshı "Topar esapshısı " tayarlanadı

- Oqıtıwshı tema boyınsha sorawlar berip, awızeki soraw tiykarında oqıwshılardıń nátiyjeli ózlestirtirilgenin anıqlaydı;

Sorawlarǵa juwaplar tiykarında toparlar tárepinen toplanǵan ballar ulıwmalastırıladı hám topar aǵzaları ortasında teńdey durıs bólistiriledi.

"BALIQ SKELETI" METODI

Metod oqıwshı yamasa studentlerde tema boyınsha tiyisli másele sheshimin súwretlep, sheshiw qábiletin jetilistiredi. Bull metodtı qollanıwda oqıwshı yamasa studentlerde tereńnen pikirlew tema mazmunın jaratıwshı tayanısh túsinikler, maǵlıwmatlardı belgili tártipke keltiriw, olardı talqılaw kónlikpelerin rawajlardıradı.

Metodtan paydlanıw tómendegishe ámelge asırıladı:

1) Oqıtıwshı oqıwshı yamasa studentlerdi metodtı qollanıw shárti menen tanıstıradı;

2) oqıwshı yamasa studentler kishi toparlarǵa biriktiriledi;

3) toparlar tapsırmalardı orınlaydı;

4) toparlar óz sheshimlerin kópshilikke usınadı;

5) jámáát toparlardıń sheshimleri boyınsha dodalaw shólkemlestiredi

Oqıwshı yamasa studentler tapsırmalardı tómendegishe kóriniste orınlaydı




## BLIC-SORAW” METODI

[illegible] ǵilizshe “blic” – tez, bir waqıtta) metodı qaraqalpaq páni boyınsha berilgen sorawlarǵa qısqa, anıq hám túsinikli juwap beriwdi talap etetuǵın usıl esaplanadı. Oqıw orınlarında bul metodqa muwapıq sorawlar tiykarınan oqıtıwshı tárepinen beriledi. Berilgen sorawlarǵa juwaplar jámáát, toparda, juplıq yaki individual túrde qaytarılıwı múmkin. Juwap beriw forması sabaq túri, úyrenilgen temanıń qıyınlıǵı, oqıwshılardıń qatnasına qarap belgilenedi. Ádebiyat sabaqlarda bull metodtı qollanıw tómendegishe ámelge asadı:

Oqıtıwshı úyrenilgen temanı tolıq ashıp beriw ushın talap etiletuǵın sorawlar islep shıǵıw, oqıwshılar dıqqatına usınıladı.

Oqıwshılr berilgen sorawǵa qısqa múddette anıq hám túsinikli juwap beredi

Toparda bir oqıwshı berilgen sorawǵa juwap qaytaradı. (Onıń juwabı basqa oqıwshılar tárepinen tolıqtırıladı, biraq pikirleri tákirarlanbawı kerek.

Bul metodtı qollanıwda temaǵa tiyisli tayanısh túsinikler, tiykarǵı ideyalardıń qırları oqıwshılar tárepinen awızeki, jazba yaki kórinis (keste, diagramma) túrinde jaratılıwı múmkin.

## “VENN DIAGRAMMASI” STRATEGIYASI

Strategiya oqıwshı (student)lerde temaǵa baylanıslı tallaw islenip ayırım bólimler negizinde temanıń ulıwma baǵdarın ózlestiriw (sintezlew) kónlikpelerin payda etiwge baǵdarlaydı. Usı kishi toparlardı jetilistiriw tiykarında anıq sxema boyınsha ámelge asırıladı.

Jazıw taxtası ózara teń tórt bólekke ajıratıladı. Hár bir bólekke tómendegi sxema sızıladı:



Strategiya oqıwshı (student)ler tárepinen ózlestirilgen ózara jaqın teoriyalıq bilim, maǵlıwmat yaki dálillerdi salıstırıp tallawǵa járdem beredi. Onnan tiyisli bólim yaki baplar boyınsha juwmaq sabaqlardı shólkemlestiriw paydalanǵanda nátiyje beredi. Bul usıldıń qollanıw basqıshları tómendegishe:

Strategiyanı qollanıw barısında hár bir topar berilgen temaǵa tiyisli tapsırmalardı orınlaydı. Oqıwshı (student)lerdiń dıqqatına tómendegi kesteni usınıw múmkin:

| Toparlar | Diagrammanıń tártip nomeri | Tapsırmalar mazmunı |
|---|---|---|
| 1- topar | 1-diagramma | |
| | 2-diagramma | |
| | 3-diagramma | |
| 2-topar | 1-diagramma | |
| | 2-diagramma | |
| | 3-diagramma | |
| 3-topar | 1-diagramma | |
| | 2-diagramma | |
| | 3-diagramma | |
| 4-topar | 1-diagramma | |
| | 2-diagramma | |
| | 3-diagramma | |

## **“6X6X6” METODI**

Metod járdeminde bir waqıttıń ózinde 36 oqıwshı yaki studentti tiyisli iskerlikke tartıw arqalı tapsırma yaki máseleni sheshiw, toparlardıń hár bir aǵzası imkaniyalrın anıqlap, pikirlerin bahalaw múmkin. Usı tiykarda shólkemlestirilgen sabaqta hárbir toparda 6 qatnasıwshı bolǵan altı topar oqıtıwshı tárepinen ortaǵa taslanǵan mashqala yaki máseleni dodalaydı. Belgilengen waqıt tamamlanǵanan keyin oqıtıwshı 6 topardı qayta dúzedi. Qaytadan dúzilgen toparlardıń hár birinde dáslepki 6 topardan bir aǵzadan wákil boladı. Jańa dúzilgen topar aǵzaları óz toparına dáslepki topar tárepinen mashqala (másele) sheshimi sıpatında usınılǵan juwmaqtı bayan etip juwapların birge talıqlaydı.

1. Oqıwshılardı toparlarǵa bóliwde oqıtıwshı tómendegi usıllardı qollanıwı múmkin: 6 stoldıń hár birine tiyisli materiallar tiykarında súwret sáwlelengen kórinisti kórip shıǵadı. Sabaqta oqıwshılarǵa keme, taw, qus, delfin, kit, akula súwreti salınǵan (jámi 36 ) betlerdi birewin alıw usınıladı. Hár bir oqıwshı yaki student ózi tańlaǵan bettegi salınǵan súwret penen atalıwshı stol átirapına otıradı

2. Oqıtıwshı toparlardıń iskerligin baqlap baradı, olarǵa másláhát berip, jol-joba kórsetedi. Toparlar ttárepinen tapsırmalardıń tuwrı orınlanǵanına isenim payda etkenen keyin toparlardan oylasıqlardı juwmaqlawdı soraydı.

## III. TEORIYALÍQ LEKCIYA MATERIALLARÍ

### 1-tema: AKADEMIK LICEY BILIMLENDIRIW SISTEMASINDA QARAQALPAQ TILI HÁM ÁDEBIYATI PÁNININŃ TUTQAN ORNI, ONI OQITIWDIŃ MAQSET HÁM WAZIYPALARI.

Ózbekstan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamı talaplarına muwapıq ózgerisler basqıshpa-basqısh engizilip barılmaqta. Búgingi bilimlendiriw tarawındaǵı innovaciyalar birqansha mashaqatlı bolıp, shólkemleskenlikti hám sistemalı qatnastı talap etedi.

Ózbekstan Respublikasınıń bilimlendiriw sistemasına innovaciya engiziw, jedel bilim beriwshi hám ámelde jaqsı nátiyje beretuǵın oqıtıw jolların ózlestiriwdegi tiykarǵı wazıypalardıń biri óz sharayatımızǵa hám ózligimizge, dúnya jetiskenliklerine say keliwshi bilim beriwdiń jańa usılların, jolların islep shıǵıwdan ibarat.

Házirgi kúnde kópshilik rawajlanǵan, demokratiyalıq mámleketlerdiń oqıtıw sistemasındaǵı tiykarǵı metodikalıq jańalıqlar innovaciyalıq hám pedagogikalıq texnologiyalardı engiziw menen baylanıslı. Sebebi, hárqanday pedagogikalıq texnologiya tálim-tárbiya tiykarında turıwshı belgili bir ideyaǵa tayanıp, anıq usıllar hám qurallar járdeminde ámelge asırıladı. Jer júzlik YuNESKO shólkemi qabıl etken anıqlamaǵa muwapıq «Pedagogikalıq texnologiya-adam hám texnika resursların, olardıń óz-ara tásirin esapqa alǵan halda tálimdi optimallastırıw maqsetinde oqıtıw hám bilimdi ózlestiriw procesin tolıǵı menen anıqlaw, jaratıw

hám qollanıwdıń sistemalıq metodı» esaplanadı. Oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalardı qollanıw boyınsha kóp ǵana izertlew jumısları alıp barıldı.[1]

Bunday jańalıqlardı oqıtıw processine engiziw zárúrligi hám áhmiyeti tómendegi jaǵdaylardan kelip shıǵadı:

- Tálim-tárbiya processindegi oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı qarım-qatnastı, olardıń rollerin ózgertiw zárúrligi;
- Ilim hám texnikanıń tez pát penen rawajlanıwı nátiyjesinde informaciyalardıń keskin artıwı, tez tarqalıwı, ózgeriwi hám olardı jaslarǵa úyreniwge jetkiliksizligi;
- Házirgi dáwirde insaniyattıń teoriyalıq oy-pikirdiń anıq juwmaqlarǵa, ámeliy áhmiyetke iye texnikalıq oy-óriske ótip baratırǵanlıǵı;
- Jas áwladtı tárbiyalawda obektiv shınlıqqa sistemalıq qatnas jasaw principin basshılıqqa alıp, zamanagóy oqıtıw usıllarınan paydalanıwǵa bolǵan talaptıń artıwı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda interaktiv texnologiyanıń metodikalıq ózgeshelikleri bar. Interaktiv oqıtıw usılları oqıwshılardıń bilim alıw múmkinshiligin, olardıń belsendiligin rawajlandıradı. Házirgi kúnde metodist-alımlar hám oqıtıwshılar tárepinen interaktiv texnologiya menen oqıtıwdıń, topar jumısınıń birneshe formaları islep shıǵılǵan.

Interaktiv usıllardıń ishinde ádebiyat sabaqların oqıtıw barısında eń keń tarqalǵanı «oqıw diskussiyası», «birge izleniwshilik», «aqıl hújimi», «óz-ara pikir almasıwı» bolıp esaplanadı. Sabaq waqtında oqıwshılar tárepinen aldın ala belgili dárejede túsinigi bar qanday da bir másele talıqlansa bul forma nátiyjelirek boladı. Máselen, ádebiyat boyınsha máselelerdi úyrenip atırǵanda topardıń issheńligi anıqlanadı. Bunday jaǵdayda qaraqalpaq ádebiyatına baylanıslı máseleni sheship baradı. Ádebiyattı oqıtıwda interaktiv iskerlik tiykarǵı bes element penen sáwlelenedi: óz-ara baylanıs; jeke juwapkershilik; bir-birine járdem kórsetiw

[1]Азизходжаева Н.Н. Педагогические технологии и педагогическое мастерство. Т.: ТГПУ им. Низами, 2003. Баубекова Г.Д., Халикова Г.М. Образование: опыт, проблему, перспективу. Т., 2001. Махкамова М.А. Инновацион менежмент. Ўқув қўлланма. – Т: Фан ва технология, 2013. Махкамова М.А. Инновацион технологиялар бошқаруви. Монография. – Т.: Алоқа, 2011. Махкамова М.А. Инновацион менежмент асослари. Ўқув қўлланма. – Т.: ТДТУ, 2009. Махкамова М.А. Организация и управление инновационной деятельностью. – Т.: Иқтисодиёт, 2007. Фатхутдинов Р.А. Инновационный менеджмент: Учебник для вузов. 5-е изд. — СПб.: Питер, 2005. Эргашходжаева Ш.Ж. Инновацион маркетинг. Ўқув қўлланма. ТДИУ, Иқтисодиёт, 2014, 177-б. Шамшиева Н.Н. Стратегия инновационного развитиявысших учебных заведений в условиях интеграции «вуз-производство. Монография. Т.: “Iqtisodiyot”, 2016. С.156. Толипов Ў., Усмонбоева М. Педагогик технология: назария ва амалиёт. Т. 2005. T. Davila, M. Epstein, and R. Shelton. Making Innovation Work: How to Manage It, Measure It, and Profit from It . Pearson education Inc, 2013. Paul Trott Innovation Management and New Product Development FT Prentice Hall, Fifth edition, 2011. J. Tidd and J.Bessant. Managing Innovation: Integrating Technological, Market and Organizational Change. Wohn Wiley and Sońs Ltd, Fourth edition, 2012.

háreketi; jumıstı birge alıp barıw qábileti; topardaǵı jumıs nátiyjesi. Interaktiv bir shıǵıp sóylewshiniń, bir pikirdiń ústemligin shekleydi. Bilim alıw barısında hárkim óz pikirin sın kóz benen aytıwǵa hám tiyisli ádebiy materiallardı talqılaw tiykarında quramalı máselelerdi sheshiwge, qáte pikirlerdi saplastırıwǵa, tereń oylap kórilgen sheshimlerdi qabıl etiwge, diskussiyalarda qatnasıwǵa, óz-ózi menen mádeniyatlı qarım-qatnas jasawǵa úyrenedi. Bul ushın ádebiyat sabaqlarında jeke, jup hám topar jumısları shólkemlestiriledi. Izertlew joybarları, hújjet hám hárqıylı maǵlıwmat derekleri menen jumıs alıp barıw, dóretiwshilik jumısların paydalanıw iske asırıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń interaktivlik usılı auditoriyada sherikleslik jaǵdayında jaratıladı. Interaktivlik usılǵa tiykarlanǵan texnologiyanı qollanıp, oqıtıwshı dóretiwshi sheriklesler sıpatında islewge tiykarlanǵan ózgerislerge, turaqlı tayarlıqqa hám juwapkershilikli máselelerdi sheshiwge úyrenedi. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda interaktiv usıllar tómendegi nátiyjelerge alıp keledi:

- Oqıwshılardıń ádebiyat sabaǵına, pánge qızıǵıwshılıǵı artadı;
- Oqıw materialların bekkem ózlestiredi;
- Tereńnen oylaw hám erkin pikirlew rawajlanadı;
- Qarım-qatnas jasaw mádeniyatı qáliplesedi;
- Oqıwshılar oqıw iskerligine belsendilik penen qatnasadı;
- Oqıw ushın qolaylı (unamlı) psixologiyalıq ortalıq jaratıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlarında interaktiv texnologiyalardan paydalanıw, jeke tájiriybe toplaw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Ádebiyat sabaqlarında interaktiv texnologiyalardı qollanıw haqqında jazılǵan metodikalıq ádebiyatlar menen tanısıw múmkin. Negizinde ádebiyatshı muǵallimniń ózi sabaqlarında interaktiv usıllardı nátiyjeli paydalanıw arqalı kóp tabıslarǵa erisedi.

XX ásirdiń aqırı XX1 ásirdiń basına kelip qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda interaktiv texnologiyalardı qollanıwdıń jańa baǵdarı, oylaw qábiletiniń rawajlanıwın támiyinlewshi usıllar jaratıldı. Sınlı oylaw arqalı, basqıshpa-basqısh júzege keltiriledi hám olardıń ádebiy pikirleri rawajlandırıladı. Ádebiyattı oqıtıwda jaslardı tıyanaqlı bilim alıwǵa tartıw, kórkem shıǵarmanıń mazmunın ańlaw, sanalı oylaw, oy juwmaǵın shıǵarıw máseleleri ámelge asadı. Sınlı oylawda jańa usıllar hám pikirlew mexanizmleri islep shıǵıladı hám qollanıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda interaktiv oqıtıw texnologiyası úlken ámeliy áhmiyetke iye bolıp, pedagogikalıq texnologiyalardıń bir túri esaplanadı. Interaktiv oqıtıw texnologiyasın qollanıwda bir qatar qaǵıydalardı basshılıqqa alıw kerek.

**Birinshi qaǵıyda:** Qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵına barlıq oqıwshılar tolıq qatnasıwı kerek. Sabaq barısında olardı bir-biri menen almastırıwǵa múmkinshilik beretuǵın texnologiyanı qollanıw paydalı. Oqıwshı hesh bir kishi topardıń turaqlı aǵzalarına aylanıp qalmawı kerek.

**Ekinshi qaǵıyda:** Qaraqalpaq ádebiyatına arnalǵan sabaqta oqıwshılardıń texnologiyalıq tayarlıǵın biliw kerek. Bunda qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵına kelgenlerdiń barlıǵı sabaqtıń qálegen túrine tayar bolıwın esapqa alıw, soǵan baylanıslı sabaqta háreketsheń qatnasqan oqıwshılardı qollap-quwatlaw, oqıwshılardıń ózin-ózi tallawı ushın múmkinshilik jaratıw kerek.

**Úshinshi qaǵıyda:** Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha ótkeriletuǵın interaktiv texnologiyada oqıwshılar sanınıń kóp bolmaǵanı maqul. Bul pikirlesiw sabaǵında kishi toparlardaǵı oqıwshılar sanınıń artıp ketiwi nátiyjesinde pikir almasıwda jeke juwap beriwdiń waqtı sheklenedi. Sonlıqtan oqıwshı sanı az bolsa ǵana kishi topardaǵı jumıs ónimli boladı. Sebebi, oqıwshınıń hárbiri sóylewi, másele boyınsha hárbir topar pikir almasıwı, zárúrli bolǵanda bir-biri menen aralasıw múmkinshiligi artadı.

**Tórtinshi qaǵıyda:** Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha sabaqtı shólkemlestiriwde oqıw xanasınıń tayarlıǵına itibar beriń. Oqıwshılardıń úlken hám kishi toparlarda otırıwı, jumıs islewi ushın qolaylı bolıwı kerek. Sol ushın otırǵıshlardı kishi dóńgelekler túrinde qoyıp, hárbir oqıwshınıń (student) kishi topar menen qatnasıwına múmkinshilik jaratıw kerek. Dóretiwshilik jumısı ushın kerekli materiallardıń aldın ala tayarlanıp qoyılıwı maqsetke muwapıq.

**Besinshi qaǵıyda:** Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha ótkeriletuǵın sabaqta qollanatuǵın interaktiv texnologiya barısında tártip hám reglament máselelerine turaqlı itibar beriliwi tiyis. Bunı aldın ala dodalap hám onı buzbawǵa háreket etiw talap etiledi. Mısalı, barlıq qatnasıwshılardı qızıl, jasıl, sarı reńli qaǵaz dóngeleksheleri menen tanıstırıw, qollanılıw maqsetin túsindiriw, shártli belgiler menen ajıratıp kórsetiw usaǵan máselelerdi aytıp ótiw zárúr. Sonday-aq hárbir topar aǵzasına sóz erkinligin beriw, bir-birin húrmet etiw, tártipti saqlaw kerekligi eskertilip ótiledi.

**Altınshı qaǵıyda:** Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha ótkeriletuǵın sabaqta oqıwshılardıń toparlarǵa bóliniwinde basta óz erki tiykarında bóliniw, keyin ala tosattan tańlaw principin qollanıw paydalı.

XXI ásir civilizaciya rawajlanıwında ayrıqsha orınǵa iye bolıp, ilim hám texnikanıń jedel rawajlanıw dáwiri sıpatında xarakterlenedi. Bul dáwirdegi ilim hám texnika jetiskenlikleri óndiristiń tez pát penen ilgerlewin júzege keltirdi. Bunday ózgerisler jámiyetlik turmıstıń barlıq salaları sıyaqlı pedagogikalıq xızmet tarawına da tásirin kórsetip, oqıtıw procesiniń texnologiyalasıwın payda etti. Oqıtıw texnologiyaları bir qatar principlerge tiykarlanadı:

1. Maqsetke baǵdarlanǵan yaǵnıy qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵın oqıtıwda anıq maqsetke iye bolıwı;

2. Qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵında didaktikalıq máseleler bir pútinlik halda háreket etilip, onıń qálegen waqıtta ózgeriwi talap etiledi;

3. Aqırǵı nátiyjege erisiw- bunda ádebiyat sabaǵında qollanatuǵın pedagogikalıq texnologiya arqalı belgili bir nátiyjeniń bolıwı kerek.

Belgili metodistler Q.Yuldoshev, B.Tuxliev, Q.Xusonboeva, Á.Paxratdinov h.t.b metodikalıq miynetlerinde ádebiyattı mekteplerde oqıtıw metodikası boyınsha bahalı pikirler aytılǵan. Biraq qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasında lekciya sabaqları haqqında jeterli pikirler aytılmaǵan. Sonlıqtan lekciya hám onıń túrlerinen paydalanıw boyınsha metodikalıq pikirler bildiriw maqsetke muwapıq boladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda mashqalalıq lekciya, monografiyalıq lekciya, sholıw lekciyası, háreketsheń lekciya, energiya almasıw lekciyaların paydalanıwdıń metodikalıq máseleleri boyınsha pikir aytıwdı maqul kórdik. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda lekciya túrlerinen paydalanıw materialdıń kólemine, sabaqtıń maqsetine hám wazıypalarına muwapıq boladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda mashqalalıq situaciyalardı jaratıw hám sabaqta júzege keltiriw arnawlı metodika járdeminde boladı. Bul metodikanı ámelge asırıwdıń belgili basqıshların esapqa alıw kerek.

- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda mashqalalıq jaǵdaylardı payda etiw múmkin bolǵan máselelerdi ajıratıp alıw kerek. Bunıń ushın oqıtıwshı ózi oqıtatuǵın dóretpelerdıń mazmunın hám janrlıq túrlerin, izertlengen ilimiy teoriyalıq miynetlerdi biliwi tiyis. Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha qarama – qarsılıqlarǵa iye bolǵan, jasırın mashqalalı sorawlardı muǵallim izlep, taba biliwi kerek. Jumıs barısında oqıwshılarǵa qıyınshılıq bolatuǵın jerlerdi bilip, itibarlı bolǵanı maqul. Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha oqıwshılardıń túsinigin arttırıp, nátiyjede qarama – qarsı máselelerdi keltirip shıǵarǵanı maqul.
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda mashqalalıq jaǵdaydı júzege keltiretuǵın mısallardı tallaw. Bunda oqıtıwshı usı máselede nelerdi aldınan biliwi tiyis

ekenligin, olardaǵı qaysı túsinikler tıykarında qarama – qarsılıqlar payda etiliwin anıqlap alıwı kerek. Mashqalalıq máseleniń salıstırmalı túrge iye ekenligin esapqa alıp, qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha materialdı ózlestiriwdegi ornın anıqlap aladı. Óz waqtınan burın payda etilgen mashqalalıq másele oqıwshılardı júdá qızıqtırmaydı. Kesh payda etilgen mashqalalıq jaǵday pútkilley paydasız boladı.

- Qaraqalpaq ádebiyatında qarama– qarsılıqtı payda etiw barısında oqıtıwshı shıǵarmanıń janrlıq túrleri, mazmunı, qaharmanları, ózgeshelikleri menen qarama – qarsılıqtı júzege keltiriw múmkin. Materiallardı izbe- izlikte túsindirliwin, qanday sorawlardıń qanday maqsette izbe-izlikte túsindirliwin, qanday sorawlardıń qanday maqsette beriliwi kerekligin biliwi tiyis. Ayırım jaǵdaylarda neni jasırıp saqlaw, ashıqtan-ashıq kórsetiw kerekligin aldın ala anıqlap alǵanı maqul. Bul basqıshta bir neshe sorawlar tómendegi tártipte beriliwi múmkin

1. Qaraqalpaq ádebiyatınıń idealıq-tematikası haqqında túsinik beriń.
2. Shayırlar poeziyasınıń janrlıq ózgesheligin túsindiriń.
3. Novella janrlıq jaqtan qaysi túrge kiredi?
4. Qaraqalpaq ádebiyatında qanday qosıq formaları ushırasadı?
5. Muxalles qosıqlarına mısallar keltiriń.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha payda etilgen mashqalalıq situaciyanıń oqıwshılar tárepinen qalay juwap beriliwlerin anıqlaw, bul jerde oqıwshılar tárepinen qaytarılıwı múmkin bolǵan juwaplardı, ushırasatuǵın qıyınshılıqlardı, júzege keletuǵın qarama – qarsılıqtıń tiykarı neden ibarat ekenligin, olardıń qızıǵıwshılıǵın aldın boljay alıw ushın oqıtıwshı ózin oqıwshınıń ornına qoyıw uqıplıǵına iye bolıwı tiyis.

- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda mashqalalıq sorawlardan qarama – qarsılıqlardıń sheshiliw jolların anıqlaw, oqıwshılardıń hár qıylı belsendilik dárejesine qaray olardıń oy – pikirin zárúrli bolǵan jolǵa baǵdarlaw ushın kerek sorawlardı tayarlaw talap etiledi. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha keltirilgen mashqalalıq máselelerdi oqıwshılardıń ózleri sheshkeni maqul.
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda mashqalalıq situaciyalardıń metodikalıq basqıshı. Bul jerde baǵdarlamada berilgen materiallardı oqıtıwda sabaqta mashqalalıq situaciya ne sebepten payda bolıwın, onıń júzege keliw mexanizimin anıqlaw, ulıwmalastırıw hám tiyisli juwmaq shıǵarıwdıń qalayınsha ámelge asırılıwın anıqlaw názerde tutıladı. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda onıń mazmunın, janrlıq túrlerin, obrazların oqıwshılarǵa mashqalalıq máseleler boyınsha túsindiriw kerek.

1. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda mashqalalıq lekciyadan paydalanıw kóp nátiyjelerge alıp keledi. Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha tayarlanǵan

mashqalalıq lekciya – bul oqıwshılar sanasında ilimiy izleniwge tiykarlanǵan bilim, uqıp hám kónlikpelelerdi payda etiwge úyretiwshi birgelikte orınlanatuǵın pedagogikalıq iskerlik. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha mashqalalıq lekciyanı ótkeriw, oǵan oqıw materialların durıs tayarlawdı talap etiledi. Bul lekciya túri tiykarınan oqıtıwda oǵan qoyılatuǵın mashqalalıq máseleden, juwap kútiwshi sorawlardan, máseleni sheshiw boyınsha qısqasha baǵdarlama hám lekciya teksti, tirek sózler, joba, tiykarǵı ádebiyatlar diziminen turadı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha mashqalalıq lekciya:

- Mashqalalıq másele hám sorawlardan ibarat;
- Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha mashqalalı sheshiw boyınsha qısqasha baǵdarlama;
- Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha jazılǵan lekciya tekst.
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha tirek sózler, joba, ádebiyatlar dizimi, lekciya tekst 10 – 15 bet kóleminde bolıwı tiyis.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha jazılǵan mashqalalıq lekciya tekstine qoyılatuǵın talaplar:

- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha jazılǵan mashqalalıq lekciya mazmunınıń sapalıǵı;
- Mashqalalıq lekciyaǵa qoyılatuǵın problemalıq sorawlar;
- Mashqalalıq lekciyanıń kólemine;
- Oqıw jobasındaǵı saatlarǵa sáykesligi;
- Sapasına qoyılatuǵın talaplar boladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha jazilǵan mashqalalıq lekciyanıń mazmunına qoyilatuǵın talaplar:

- Mámleketlik bilimlendiriw standart talaplarına sáykesligi;
- Úlgi baǵdarlamaǵa sáykesligi;
- Ilim, mádeniyat jańalıqları menen bayıtılıwı;
- Metodikalıq qollanbaǵa uqsas mazmunǵa iye bolıwı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha jazılǵan mashqalalıq lekciyada mashqalalıq sorawlarǵa qoyılatuǵın talaplar:

- Mashqalalıq sorawdıń mashqalalıq máseleden keltirip shıǵarılıwı;
- Mashqalalıq sorawdıń sabaq maqsetine sáykesligi;
- Oqıwshılardıń óz kúshi menen yamasa oqıwshınıń járdemi menen qosımsha ádebiyatlardı úyreniw arqalı sheshe alıw imkaniyatınıń bar bolıwı;
- Mashqalalıq soraw juwabı (tablicada, sızılmada, slaydlarda) tekstte keltirilmegen bolıwı tiyis;

- Mashqalalıq soraw oqıwshını izleniwge iytermelewi kerek.

Demek, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha materiallar oqıwshılar ushın metodikalıq qollanbaǵa, belgili mazmunǵa iye bolǵanı maqul.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha dúzilgen lekciya tekstiniń ilim, mádenyat jańalıqları menen bayıtılıwına qoyılatuǵın talaplar:

- Hár oqıw jılında keminde bir mártebe (oqıw jılınıń basında) tolıqtırılıwı;
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwǵa baylanıslı mámleketlik kólemde qabıl etilgen qararlar, nızamlar, jańalıqlar kirgizliwi;
- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda tiyisli maǵlıwmatlar qosılıwı tiyis.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha dúzilgen lekciya tekstiniń kólemine qoyılatuǵın talaplar**:**

Temaǵa baylanıslı lekciya tekstti kompyuterlerde tayarlanıp qaǵazda hám kompyuter versiyasında qollanıwǵa qolaylı halda jaratıladı. Olarǵa tómendegi talaplar qoyıladı:

- Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha jazılǵan mashqalalıq lekciya kólemi shama menen 10 – 15 bet bolǵanı maqsetke muwapıq boladı.
- Mashqalalıq lekciya tekstlerinde joqarıdaǵı kólemge ortasha 20 betke jetiwi múmkin.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha dúzilgen mashqalalıq lekciya tekstiniń sapasına qoyılatuǵın talaplar. Bul lekciya tekstti burınǵı lekciya tekstinen túpten parıq qılınadı. Lekciya tekstindegi qoyılǵan mashqala, másele hám soraw, ilim tarawındaǵı jańalıqlar, máselen sheshiw boyınsha kórsetpeler óz aldına, tiykarǵı teksten ushırasıp kórinip turatuǵın halda beriliwi maqsetke say keledi. Lekciya tekstleri kompyuterlerde tayarlanıp qaǵazda hám kompyuter versiyasında qollanıwǵa qolaylı halda jaratıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında texnologiyalıq kartanı paydalanıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Óytkeni muǵllimniń sabaq ótiw jobasında, jeke sabaq jobasında oqıtıw mazmunı jaratılıp, nátiyjede pedagogikalıq xızmet iskerligine ótedi. Pedagogikalıq texnologiya talaplarına muwapıq oqıtıwshınıń jumısı úsh túrli formada rásmiylestiriledi. 1-texnologiyalıq proekt–bul pánniń is baǵdarlaması, 2-texnologiyalıq karta; 3-texnologiyalıq sxema bolıp esaplanadı. Sol sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında texnologiyalıq kartanı paydalanıw usıllarına dıqqat awdarılıw kerek.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw boyınsha lekciya hám seminar jumıslarınan oqıtıw texnologiyaları islep shıǵılıwı tiyis. Oqıw texnologiyası insanıylıq pazıyletlerge súyenedi. Filologiya, pedagogika, psixologiyada bul baǵdardıń ózine

tán belgileri oqıwshınıń jeke baylanısına itibar beriw arqalı anıqlanadı. Solardan kelip shıǵıp qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha oqıtıw texnologiyaların jobalastırıwda tómendegi tiykarǵı usıllardı qollanıwǵa itibar beriw kerek.

- Oqıtıwdıń oqıwshıǵa baǵdarlanǵanlıǵı. Bul baǵdarlaw oqıw barısındaǵı barlıq oqıwshılardıń bilimi, oy-órisiniń rawajlanıwı kózde tutıladı. Bul mámleketlik bilimlendiriw standart talaplarına muwapıq oqıwshınıń intellektual rawajlanıw dárejesine baǵdarlanıp qalmay, onıń ruwxıy jeke ózgeshelikleri esapqa alınadı. Oqıtıw texnologiyası diziminiń barlıq belgilerin ózinde sáwlelendiredi. Bul máselege baylanıslı Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasına arnalǵan lekciya sabaqlarınan oqıtıw texnologiyası boyınsha úlgi kórsetiw maqsetke muwapıq boladı.

**Tema: Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikası**

**Lekciya sabaǵınıń oqıtıw texnologiyası**

| | |
|---|---|
| Waqtı: 2 saat | Oqıwshı sanı: 25-30 |
| Oqıw sabaǵınıń forması | Mashqalalıq lekciya |
| Lekciya sabaǵınıń jobası | 1. Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasınıń izertleniwi;<br>Ájiniyaz shayırdıń ómiri tuwralı maǵlıwmat;<br>Ájiniyaz shayırdıń lirikası. |
| Sabaqtıń maqseti: Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasın biliw usılları | |
| Pedagogikalıq wazıypalar:<br>- Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasın túsindiriw;<br>- Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikası menen tanıstırıw;<br>- Ájiniyaz shayır lirikasınıń tematikasın túsindiriw; | oqıtıwdıń nátiyjeleri<br>oqıwshılar: - Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasına túsinigi artadı;<br>-Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasınan túsinik aladı;<br>-Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasınıń izertleniwine mısallar keltiredi; |
| oqıtıw uslubı hám texnikası | mashqalalıq lekciya, bayan etiw, klaster. |
| oqıtıw quralları | lekciya teksti, proektor, tarqatpa materiallar, grafikalıq súwretler. |
| oqıtıw forması | topar, juplıq hám hámme birgelikte islew |
| oqıtıw sharayatı | proektor, kompyuter menen úskelengen klass yaki auditoriya |

**Lekciya sabaǵınıń texnologiyalıq kartası**

| **Basqıshlar** | **İskerlik mazmunı** | |
|---|---|---|
| | **oqıtıwshı** | **oqıwshı** |
| 1-basqısh. Kirisiw (10 minut). | 1.1. Tema, onıń maqseti, oqıw sabaqlarınan kútiletuǵın nátiyjeler anıqlanadı. | 1.1.Tıńlaydı, jazıp aladı. |
| 2-basqısh. Tiykarǵı bólim (60 minut). | 2.1. Oqıwshılardıń itibarın qaratıw, bilim dárejelerin anıqlaw ushın soraw-juwap ótkeriledi.<br>-Ájiniyaz shayırdıń ómirin hám lirikasına baylanıslı qanday maǵlıwmatlar bilesiz?<br>2.2. Oqıtıwshı vizual materiallardan paydalanıp lekciyanı túsindiriwdi dawam etedi. Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikası ádebiyat tariyxına baylanıslı aytıladı.<br>2.3. Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikası boyınsha pikirlerdiń payda bolıwı.<br>a) Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasın aytıp beriń?<br>b) Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasın qaysı alımlar izertlegen ?<br>2.4.Oqıwshılardıń Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikası boyısha tiykarǵı túsiniklerge itibar qaratıw hám jazıp alıwlarına dıqqatlı bolıw. | 2.1. Tıńlaydı. Náwbet yáki gezek penen bir-birin tákirarlamay qosıqlardı aytadı, oylaydı, juwap beredi. Juwap beredi hám tuwrı juwaptı tıńlaydı.<br>2.2. Sxema hám tablicalar mazmunın bekkemleydi. Sorawlar berip, tiykarǵı jumısların jazıp aladı.<br>2.3. Eslep qaladı, jazadı. Hárbir sorawǵa juwap beriwge háreket etedi. Mısallar keltiredi. |
| 3-basqısh. Juwmaq. (10 minut) | 3.1. Lekciyaǵa juwmaq jasaydı. Oqıwshılardıń Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám lirikasına dıqqatın qaratadı. Jaqsı qatnasqan oqıwshılar xoshametlenedi. Ózbetinshe is ushın «Ájiniyaz» sózine klaster dúziw wazıypa etip beriledi. | 3.1.Tıńlaydı, anıqlaydı.<br>3.2.Tapsırmanı orınlaydı. |

Akademiyalıq liceylerde Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıwda háreketsheń lekciya túrinen paydalanıw kerek. Oqıwshılarǵa shayırdıń poeziyasın oqıtıwda háreketsheń, ózine tartıw lekciyalarınan paydalanıw ádebiyatshı muǵallimnen ilimiy teoriyalıq hám metodikalıq izleniwshilik talap etiledi.

Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıwda ózine tartıw lekciyası menen oqıtıwdıń metodikalıq ózgesheliklerine dıqqat awdarayıq. Bul lekciyanı ámelge asırıw ushın oqıwshılar sabaqqa jaqsı qatnasıwı kerek. Sebebi olardıń qatnasında orınlanadı. Shayırdıń poeziyası boyınsha lekciyanı baslawdan aldın kompyuter proektorı járdeminde temanıń atı, sabaqtıń maqseti tanıstırıladı, wazıypalar atap ótiledi.

**Teması: Ájiniyaz shayırdıń poeziyası**

Sabaqtıń maqseti: a) Akademiyalıq liceylerde Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıw arqalı oqıwshılar sanasına watanǵa súyiwishilik, adamgershilik sezimlerdi sińdirip barıw; b) Oqıwshılardıń til baylıǵı, sóylew mádeniyatın rawajlandırıp barıw;

Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıw boyınsha pikirler ortaǵa taslanadı, oqıwshılar tárepinen tayarlanǵan materiallar, islengen kónspektler kórip shıǵıladı. Nátiyjede oqıwshılar shayırdıń poeziyası haqqında nelerdi biletuǵını anıqlanadı. Olardıń tayarlap kelgen materiallarınan úzindiler keltirip ótiledi. Oqıwshılardıń shayırdıń poeziyası boyınsha túsinikleri muǵallim tárepinen qadaǵalanıp barıladı. Oqıwshılar sabaqta zárúr máselelerdi atap ótedi. Oqıtıwshı menen birgelikte kompyuterden paydalanıp slaydlardı, kishi bayanatlardı tayarlaydı.

Oqıwshılardıń Ájiniyaz shayırdıń poeziyası boyınsha bildirgen pikirleri tártiplestiriledi. Zárúrli oqıw materialı menen tanıstırıw ámelge asırıladı. Bunıń ushın elektron lekciya tekstti alınıp, tiykarǵı jerleri ekrannan kórsetiledi. Bunı oqıwshılardıń ózleri aldın ala tayarlaǵan Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıw tiykarında kórsetkeni maqul.

Akademiyalıq liceylerde Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıwda tiykarǵı ideyalar, máseleler oqıwshılarǵa túsindiriledi. Bunıń ushın oqıwshılar lekciya materialları menen belgili dárejede tanısıp, onıń elektron variyantlarınan kóshirme alǵan, ádebiyatlar dizimin tayarlaǵan bolıwı kerek. Biraq Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıwda oqıwshılar tárepinen alıp barılmastan oqıtıwshı hám oqıwshı lekciyası kelip shıǵıwı tiyis. Oqıwshılar 2-3 minutlıq kishi bayanatlar menen qatnasadı. Jobaǵa sáykes shayırdıń poeziyası boyınsha oqıwshılar tárepinen bir kishi bayanat jasaladı. Oqıtıwshı shayırdıń poeziyasın oqıtıw barısında islengen hárbir bayanattı tolıqtırıp, ilimiy mazmunı tereńlesedi. Nátiyjede oqıwshılardıń shayırdıń poeziyasına bolǵan túsinigi,

qızıǵıwshılıǵı artıp, pikirlew qábileti, jazba bilim kónlikpeleri qáliplesip baradı.

Akademiyalıq liceylerde Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıwda energiya almasıw lekciyasınan paydalanıw kerek. Usı kóz qarastan akademiyalıq liceylerde Ájiniyaz shayırdıń poeziyasın oqıtıwda energiya almasıw lekciyası menen oqıtıw usılına metodikalıq qatnas jasaǵandı maqul kórdik. Energiya almasıw lekciya sabaǵı oqıtıwshı hám oqıwshılardıń pikir almasıwı túrinde ótedi. Sonlıqtan energiya almasıw lekciyasın diskusciyalıq lekciya sıpatında qarawǵa boladı. Oqıtıwshı tárepinen akademiyalıq liceylerde shayırdıń poeziyasın oqıtıw boyınsha lekciya teması, maqseti hám wazıypaları kórsetiledi.

**Teması: Ájiniyaz shayırdıń “Bozataw” poeması**

**Sabaqtıń maqseti**: a) Oqıwshılardıń Ájiniyaz shayırdıń “Bozataw” poemasına bolǵan túsinigin arttırıw; b) Oqıwshılardı hadallıqqa, adamgershilikke, opadarlıqqa, mártlikke tárbiyalaw; v) Oqıwshılardıń sóz baylıǵı, awızeki sóylew mádeniyatın rawajlandırıw;

Sabaq jobası, tayanısh sózler kórip shıǵıladı. Bunda «aqılıy hújim», klaster metodları keń qollanıladı.

**Ájiniyaz shayırdıń “Bozataw” poemasınıń jobası:**

1. Ájiniyaz shayırdıń “Bozataw” poemasınıń tematikası hám izertleniwi.
2. Shayırdıń “Bozataw” poemasınıń mazmunı hám obrazları.
3. “Bozataw” poemasınıń janrlıq ózgeshelikleri.
4. “Bozataw” poemasınıń kórkemligi.

**Tayanısh sózler:** ideyalıq mazmun, syujet, kompoziciya, kórkemlik, epitet, teńew, giperbola, litota.

- Ájiniyaz shayırdıń “Bozataw” poemasın oqıtıwda aqılıy hújim metodınan orınlı paydalanıw kerek. Bunda oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın arttırıw maqsetinde Ájiniyaz shayırdıń “Bozataw” poeması boyınsha birneshe máseleler ortaǵa taslanadı.
- Ájiniyaz shayırdıń “Bozataw” poemasınıń syujeti.
- “Bozataw” poemasında turmıs shınlıǵı qalay súwretlengen?
-“Bozataw” poemasında qaysı súwretlew quralları kóbirek berilgen?

Oqıwshılar bul sorawlarǵa óz pikirlerin bildirip baradı. Kóbirek juwap beriwge háreket etedi. Pikirlerdi biykarlawǵa jol qoyılmaydı. Hárbir pikirdi esapqa alıw, barlıq pikirlerdiń ishinen eń jaqsısı tańlap alınadı.

Aqılıy hújim oqıw barısında kishi toparlarda yamasa sabaq barısında ótkeriliwi múmkin. Bul metod oqıwshılardıń shayırdıń “Bozataw” poeması

boyınsha túsinigin arttıradı. Olardıń sabaqqa qızıǵıwshılıǵın kúsheytedi, pikirlew qábiletin rawajlandıradı. "Bozataw" poemasına baylanıslı sabaqta oqıwshılardıń qatpasında klaster metodın qollanıwǵa boladı. Bul metod oqıwshılardıń lirika, satira, qosıqlardıń mazmunına, obrazlarına, kórkemligine túsinigin arttırıw maqsetinde qollanıladı. Klaster metodınıń talaplarına muwapıq oqıwshılar toparlarǵa bólinedı. Olardıń "Bozataw" poeması boyınsha qanday pikirleri bolsa, solardı taxtaǵa yamasa dápterge jazadı. Ájiniyaz shayırdıń "Bozataw" poemasın oqıtıwda sabaq túrlerinen, lekciya hám metodlardan orınlı paydalanıw sabaqtıń nátiyjeli bolıwına alıp keledi.

Qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlamasında berilgen materiyallardı oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw arqalı oqıwshılardıń sanasında adamgershilik, watanǵa súyiwshilik, biri-birine húrmet sezimleri qáliplesip baradı. Ádebiyat baǵdarlamasında berilgen materiyallar tiykarında V-XI klaslarda, kolledji hám akademiyalıq liceylerde pedagogikalıq texnologiyalar menen sabaqlar ótilse maqsetke muwapıq bolıp, oqıwshılardıń ádebiyatqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı artıp baradı.

**Sorawlar hám tapsırmalar:**

1. Ózbekstan Respublikasınıń bilimlendiriw sistemasına innovaciya engiziwdiń zárúrligi hám áhmiyetin túsindirip beriń.
2. Bilimlendiriw sistemasındaǵı innovaciyalar haqqında maǵlıwmat beriń.
3. Ádebiyat sabaǵında innovaciyalıq oqıtıwdı shólkemlestiriw forması haqqında maǵlıwmat beriń.
4. Ádebiyat sabaǵında problemalıq oqıtıwdı ámelge asırıwda oqıtıwshıǵa qoyılatugın talaplardı túsindirip beriń.
5. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda lekciya túrlerinen paydalanıw usılların túsindirip beriń.
6. V-XI klass ushın arnalǵan ádebiyat baǵdarlamasındaǵı berilgen materiallardı innovaciyalıq texnologiyalar arqalı úyreniw tártibin túsindirip beriń.
7. Akademiyalıq liceylerde ádebiyat baǵdarlamasındaǵı berilgen materiallardı innovaciyalıq texnologiyalar arqalı úyreniw tártibin túsindirip beriń.

**ÁDEBIYATLAR:**

1. Yusupov K.A. Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın sabaqtan tıs jumıslar arqalı úyreniwdiń ilimiy metodikalıq máseleleri. Metodikalıq qollanba. – Nókis: Miraziz Nukus, 2018. – 5 b.t. – 68 b
2. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 b.t. – 336 b.

3. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde qaraqalpaq a’debiyatin oqitiw metodikasi. Monografiya. – Nokis: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 b.t. – 112 b.

## 2- tema Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw usılları.

Házirgi kúnde tálim procesinde interaktiv metodlardı (innovaciyalıq, pedagogikalıq hám xabar texnologiyaları) paydalanıp, tálimniń sapasın arttırıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıq, itibar kúnnen-kúnge kúsheyip barmaqta. Nátiyjede tálim sistemasında tálim mazmunınıń jańa joybarı, jańa pedagogikalıq texnologiyalardı qollanılıw zárúrligi payda boldı.

Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıp ótilgen sabaqlar studentler iyeleytuǵın bilimlerin ózleri izlep tabıwına, óz betinsheúyrenip talqılawına, hátte juwmaqların da ózleri islewine qaratılǵan. Bul proceste oqıtıwshı jeke adam hám jámááttiń qáliplesiwi, bilim alıwı hám tárbiyalanıwına sháriyat jaratadı, sonıń menen birge basqarıwshı, shólkemlestiriwshi hám baǵdarlawshı wazıypasın atqaradı. Bunday oqıw procesinde student tiykarǵı figuraǵa aylanadı.

Házirgi dáwirdebilimlendiriwtarawınaayrıqshaitibarqaratılmaqta. Mámleketimizde bilimlendiriw, tálim-tárbiya tarawinda házirgi kún talaplarına say xalıqaralıq standartlarǵa juwap beretuǵın bilimli kadrlardı tayarlaw tiykarǵı wazıypa etip belgilengen. Prezidentimiz Sh.Mirziyoev muǵállimler hám ustazlar kúnine baǵıshlanǵan saltanatlı máresimde shıǵıp sóylegen sózinde:«Búgin hárbirmuǵállim hám tárbiyashı,joqarı oqıw ornınıń oqıtıwshısı bilimlendiriw hám ilim tarawındaǵı eń sońǵı unamlı jańalıqlardı oqıw procesine engize alatuǵın,tereń bilim hám kózqaras iyesi,bir sóz benen aytqanda,zamanımız hám jámiyetimizdiń eń aldıńǵı wákilleri bolıwı kerek»[2]- dep joqarı oqıw orınları pedagogları aldına úlken wazıypalar qoyǵan edi.

Demek,házirgidáwirdebilimlendiriwtarawınaqoyılıpotırǵanúlkenwazıypa – rawajlanǵandemokratiyalıqmámleketlerdárejesindegibásekigeshıdaytuǵınjaslardıtá rbiyalawbolıptabıladı. Jańa dáwirge say, ádep-ikramlı, sawatlı, ziyrek, zeyinli, sóylew mádeniyatı hám jazıw sheberligi jetilisken, óz betinshe durıs, erkin pikir júrgize alatuǵın jaslar ǵana biziń islerimizdi keleshekte isenimli túrde dawam ettire aladı. Búgingi kúni mámleketimizdiń barlıq tarawları sıyaqlı bilimlendiriw sistemasına da ózine tán jańalıqlar kirip kelmekte. Ásirese, bidimlendiriw sistemasın texnologiyalastırıw, bilimlendiriw nátiyjeliligin asırıw hám jámiyetlik ómirge kirip kelgen jańa pedagogikalıq texnologiyalardı oqıw procesinde qollanıw

[2]Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtiń muǵallimler hám ustazlar kúnine baǵıshlanǵan saltanatlı máresimdegi shıǵıp sóylegen sózi.”Erkin Qaraqalpaqstan”gazetası3-oktyabr 2020-jıl №114-115 -sanı

tiykarǵı máselelerdiń biri. Sonlıqtan da, milliy bilimlendiriw tarawın jetilistiriw, dáwir talaplarına say bilim hám tárbiya beriwdi jer júzilik ólshemler dárejesine kóteriw talap etilip atır.

Qaraqalpaq til hám ádebiyatı qánigeligin iyelegen pitkeriwshiler mektepke barıp ana tilinen bilim beriw ushın qaraqalpaq tili boyınsha teoriyalıq bilimlerge iye bolıw menen birge, bul pándi oqıtıwdıń metodikasın, oqıtıwdıń zamanagóy interaktiv texnologiyaların jaqsı biliwi, pedagoglıq sheberlikti iyelegen bolıwı shárt.

Qaraqalpaq tili – Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik tili bolıp, onıń orta mekteplerde, arnawlı hám joqarı oqıw orınlarında oqıtılıwı mámleketlik áhmiyetke iye másele bolıp esaplanadı. Jaslarda dóretiwshilik sana, dóretiwshilik izleniwler, kóplegen imkaniyatlardan eń jaqsısın tańlay alıw kónlikpelerin qáliplestiriw hám rawajlandırıw, olardı milliy qádiriyatlarımız, úrp-ádet, dástúrlerimizdiń ruwxında tárbiyalawda ana tiliniń tutqan ornı hám imkaniyatları júdá keń. Ásirese, biyǵárez respublikamız ushın isbilermen hám dóretiwshi insandı tayarlaw máseleleri kún tártibinde turǵan bir sharayatta bul pánniń oqıtılıwı jáne de úlken áhmiyetke iye. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tilinińmáselelerin úyretiwde studentlerdiń oy-órisin, til baylıǵın rawajlandırıw, ádebiy til normaların saqlap sóylew, til mádeniyatına ayrıqsha kewil bóliw, sabaqqa jańasha dóretiwshilik penen qatnas jasaw – búgingi kúnniń alǵa qoyǵan eń áhmiyetli wazıypası. Jaslardı bilimli, mádeniyatlı, óz Watanına sadıq azamat etip tárbiyalawda qaraqalpaq tili sheshiwshi áhmiyetke iye. Qaraqalpaq tiliniń sózlik quramın, onıńgrammatikalıq dúzilisin,sózlik baylıqların úyreniw arqalı studentlerdiń til haqqındaǵı túsinigi, oy-órisi rawajlanadı. Nátiyjede olarda tillik materiallarǵa ilimiy kóz-qaras penen baha beriw kónlikpelerin payda etiwge erisemiz.

Til – qarım-qatnas jasaw, pikir alısıw hám túsinisiwdiń eń áhmiyetli quralı. Onıń qarım-qatnaslıq xızmeti gáp arqalı támiyinlenedi. Sonlıqtan házirgi Sintaksislikkózqaraslar boyınsha gáp sintaksistiń oraylıq obyekti sıpatında túsiniledi. Sintaksis – tililimindegi eń qospalı hám quramalı taraw. Onda sóz hám sóz formalarınıń, gáplerdiń óz-ara sintaksislik baylanısıw nızamlıqları, olardıń sóylewde aynalısqa túsiw dinamikası úyreniledi. Lingvistika iliminde «til-sistemalardıń sisteması» dep qaraladı. Til sisteması tildiń birneshe tarawlarınıń basqıshpa-basqısh bir-birine baylanıslı bolǵan birlikleriniń dúzilisinen turadı. Til tarawlarınıń tómengi basqıshı – fonetika, eń joqarǵı basqıshı-sintaksis. Demek, sintaksis sóz hám sóz formaların, olardıń sintaksislik baylanısı arqalı dúziletuǵın sóz dizbegi hám gáptiń dúzilisi, bir tutas sintaksislik pútinlikti – tekstti izertleytuǵın ilim. Bilimlendiriw sistemasın joqarı sapaǵa kóteriw hámde mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan tereń ekonomikalıq hám sociallıq reformalar, rawajlanǵan demokratiyalıq mámleket qurıw talaplarına juwap beretuǵın kadrlar tayarlawdıtámiyinlewde zamanagóy texnologiya jańalıqların hám xabarlandırıw, innovaciyalıq usıllardan paydalanıw úlken áhmiyetke iye.

Búgingi kúnde hárbirpándioqıtıwdıń nátiyjeliligin hám sapalılıǵın arttırıw dáwirtalabı. Buloqıtıwshıdantálim hám tárbiya processiniń optimal yaǵnıy qolaylı variantların islep shıǵıw, zamanagóy oqıtıw usıllarınan keń túrde paydalanıwdı talap etilmekte. Sonıńushın da qaraqalpaq tilihámonıńtarawlarınoqıtıwdıń házirgi zaman texnologiyası hám metodikasın jetilistiriw hám sabaqlardı sapalı túrde shólkemlestiriwdińáhmiyeti artıp barmaqta. Solay eken qaraqalpaq tilihámonıńtarawlarıboyınshapánlerdi oqıtıwda jańa zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardıń metodların hám usılların sabaq procesine engiziw hám paydalanıwǵa baylanıslıwazıypalar belgilep alınıp,onıámeliyatta qollanıw máselelerine itibar qaratıldı. Studentlerge tildińteoriyalıqmáselelerin, tilfaktleriarqalıbilimlerdi qanshelli bay, ráń-báreń hám sistemalasqan túrde, jańa zamanagóy texnologiyalar hám metodikalar járdeminde jetkerip hám qáliplestirip bayıtıp barsaq, studentlerdińsonshelli bul kónlikpe hám bilimlerdi ózlestirip alıwı,pikirlew dárejesi, oy-órisi keńeyip jáne de jetilisip hám tereńlesip baradı.

## IV. ÁMELIY SABAQ MATERIALLARÍ

### 1-tema: Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar

Sońǵı waqıtları Respublikamızdıń bilimlendiriw sisteması tarawında da jańadanjańa innovaciyalıqózgerisler júz berip atırǵanlıǵın, jańa usıllardıń payda bolıwın anıq kóriwge boladı. Ilimiy texnikalıq rawajlanıw XX ásir aqırına kelip tek ǵana kóplep islep shıǵarıw tarawların texnologiyalastırıwǵa sebep bolıp qalmay, bálkim, mádeniyat tarawına, gumanitar bilimler tarawlarına da kirip keldi. Házirgi waqıtta kópshilik tiykarǵı metodikalıq innovaciyalar oqıtıwdıń interaktivlik usılların qollanıwǵa baǵdarlanǵan. Qaraqalpaqtilipánin oqıtıwda interaktiv metodlar kóp waqıtlardan beri qollanılıp kelmekte hám sonıń menen birge házirgi waqıtta da birden-bir zamanagóy natiyjeli usıllardan sanaladı.

Usı waqıtqa shekem bilim beriwde studentlerdi tek tayar bilimlerdi iyelewge úyretip kelingen edi. Bunday usıl student yaki oqıwshılardıóz betinshepikirlew, dóretiwshilik qábiletin, izleniwshiligin páseytip, sheklep qoyadı. Usıǵan baylanıslı házirgi dáwirde bilimlendiriw sistemasında, mektep, akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjlerinde oqıtıwda interaktiv metodlar qollanılmaqta.

Házirgi kúnde tálim procesinde interaktiv metodlardı (innovaciyalıq, pedagogikalıq hám xabar texnologiyaları) paydalanıp, tálimniń sapasın arttırıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıq, itibar kúnnen-kúnge kúsheyip barmaqta. Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıp ótilgen sabaqlar studentler (yaki oqıwshılar) iyeleytuǵın bilimlerin ózleri izlep tabıwına, óz betinsheúyrenip talqılawına, hátte, juwmaqların da ózleri islewine qaratılǵan. Bul proceste

oqıtıwshı jeke adam hám jámááttiń qáliplesiwi, bilim alıwı hám tárbiyalanıwına múmkinshlik jaratadı, sonıń menen birge basqarıwshı, shólkemlestiriwshi hám baǵdarlawshı wazıypasın atqaradı. Bunday oqıw procesinde student (yaki oqıwshı) tiykarǵı figuraǵa aylanadı.

Pedagog alımlar jıllar dawamında tálim sistemasında:

Nege oqıtamız?

Neni oqıtamız?

Qalay oqıtamız? sorawlarına juwap izlew menen bir qatarda qalay etip sapalı hám nátiyjeli oqıtıw múmkin? – degen sorawǵa juwap izleydi.

Búgingi kúnde bilimlendiriw sistemasınıń oqıw-tárbiyalıq procesinde pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıwǵa ayrıqsha itibar berilip atırǵanlıǵınıń sebepleri tómendegiler:

Birinshiden, pedagogikalıq texnologiyalarda jeke adamdı rawajlandırıwshı tálimdi ámelge asırıw imkaniyatınıń keńliginde. Bilimlendiriw haqqında»ǵı nızam hám Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlamasında rawajlandırıwshı tálimdi ámelge asırıw máselesine ayrıqsha itibar qaratılǵan.

Ekinshiden, pedagogikalıq texnologiyalar oqıw-tárbiya procesinde sistemalı xızmet penen qatnas jasawdı keńnen paydalanıw imkaniyatın beredi.

Úshinshiden, pedagogikalıq texnologiya oqıtıwshınıń tálim-tárbiya procesiniń maqsetlerinen baslap, diagnostikalıq sistemanı dúziw hám bul process barısın qadaǵalawǵa shekem bolǵan texnologiyalıq shınjırdıámelge asırıwdı aldınnan jobalastırıp alıwǵa baǵdarlaydı.

Tórtinshiden, pedagogikalıq texnologiya jańa qurallar hám xabar usılların qollanıwǵa tiykarlanǵanlıǵı sebepli, olardıń qollanılıwı Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması talapların ámelge asırıwdı támiyinleydi.

Oqıw-tárbiya procesinde pedagogikalıq texnologiyalardıń durıs járiya etiliwi oqıtıwshınıń bul proceste tiykarǵı shólkemlestiriwshi yamasa másláhátshi sıpatında xızmet júrgiziwine alıp keledi. Bul bolsa oqıwshıdan erkinlikti, dóretiwshilikti hám shıdamlılıqtı talap etedi.

Hárqanday pedagogikalıq texnologiyanı oqıw-tárbiya procesinde qollanılıw jeke xarakterden kelip shıqqan halda, oqıwshınıkim oqıtıp atırǵanlıǵı hám oqıtıwshıkimdi oqıtıp atırǵanlıǵına baylanıslı. Pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında ótkizilgen shınıǵıwlar jaslardıńáhmiyetli turmıslıq tabıslar hám mashqalalarǵa óz pikirlerin bildiriwlerine umtılıwların qanaatlandırıp, olardıjeke pikirlewge,óz kóz-qarasların tiykarlawǵa imkanıyat jaratadı.

Usıǵan baylanıslı ilimpaz hám metodistlerdi oqıw procesin texnologiyalastırıwǵa, yaǵnıy oqıtıwdı islep shıǵarıwǵa baylanıslı anıq isenimli nátiyje beretuǵın texnologiyalıq proceske aylandırıwǵa urınıp kóriw múmkin degen pikirge alıp keldi. Bunday pikirdiń payda bolıwı pedagogika iliminde jańa pedagogikalıq texnologiya túsinigin payda etti.

Texnologiya – grek tilinen alınǵan bolıp, «texnos» (tecne) – óner, ustalıq, sheberlik hám «logos» (logos) – ilim sózlerinen quralǵan bolıp, «ustalıq, sheberlik páni» mánilerin ańlatadı.

***Interaktiv*** sózi inglizshe «inter» óz ara «act» háreket mánisin bildirip, interaktivlikóz ara birgelikte háreket etiw, birge islesiw, sóylesiw, birgelikte ózlestiriw degen mánilerde qollanıladı. Interaktiv oqıtıw birinshi gezekte studentlerdiń óz ara gúrrińlesiwi, pikir alısıwı, bir-birine úyretiwi arqalıbilimlerdi ózlestiriwge baǵdarlanǵan pedagogikalıq xızmet.Interaktiv oqıtıw usıllarıstudentlerdińbilim alıw múmkinshiligin, olardıń belsendiligin rawajlandıradı.

Hárbir pándi oqıtıwdıń nátiyjeliligi oqıtıwshınıń oqıtıw metodların jaqsı biliwi, metodtı durıs tańlay biliwi hám onı qollanıp biliwi menen baylanıslı. Sonlıqtan bilim beriw metodları metodikanıń eń baslı máseleleriniń biri. Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodları degende oqıtıwdıń usıl hám quralların túsinemiz. Máselen, oqıtıwshıstudentlerge tıyanaqlıbilim beriwde, teoriyalıq materialdıstudentlerdiń hár tárepleme ózlestirip alıwına qolaylı metodlardı tańlap aladı. Bul oqıtıw metodı bolıp tabıladı. Bul ushın oqıtıwshı eń aldı menen óz qánigeligi boyınsha lingvistikalıq túsiniklerdi hár tárepleme iyelew menen birge, sol materialdıtúsindiriw usılların da tereń biliwi lazım.

Oqıtıw metodların tańlawda eńáhmiyetli eki másele kózde tutıladı:

a) studentlerdiń teoriyalıq bilimdi iyelew qábileti;

b) úyrenilgen bilimdi ámeliy jaqtan sapalıózlestiriw hám ámelde qollana biliwi.

Oqıtıw metodlarınıń sistemasın anıqlawda negizinen tómendegi belgilerdi kórsetiw múmkin:

1) tiyisli pándi oqıtıwda onıń barlıq tárepin qamtıwı;

2) úyreniwge tiyisli materiallardı túsiniwi hám ózlestiriwi ushın zárúr bolǵan barlıq metodikalıq usıllardıńóz ara baylanısıwı hám onıń bir maqsetke qaratiliwı;

3) oqıtıw mazmunınıń tiykarǵı bólegin quraytuǵın barlıq metodlar ushın qollanılatuǵın ulıwma didaktikalıq principlerdińbirligi.

Qaraqalpaq tiliniń oqıtıw metodikasında usı waqıtqa shekem mekteplerde qollanılıp kiyatırǵan metodlarǵa: muǵállimnińtúsindiriwi, gúrrıń, til hádiyselerin baqlaw hám talqılaw, grammatikalıq tallaw, shınıǵıwlar, kitap penen islesiw metodları kiredi. Bul metodlar qayta eslewge qaratılǵan metodlar bolıp, oqıwshılardıń pikirlew qábiletin rawajlandırıwǵa tosqınlıq jasaydı. Bunda tek oqıtıwshınıń iskerligi názerde tutıladı. Oqıwshı dıqqattan shette qaladı. Sonlıqtan, sabaqta oqıtıwshı hám oqıwshınıń iskerligin asırıw ushın jańa metodlardan paydalanıw talap etiledi. Oqıwshı yaki studenttińóz betinshe islewine ayrıqsha dıqqat awdarıw lazım. Usılardı esapqa alıp tálim metodların eki toparǵa ajıratıw múmkin:

1. Oqıtıwshınıń iskerligine baylanıslı metodlar

2. Studenttiń iskerligine baylanıslı metodlar

Oqıtıwshınıń iskerligine baylanıslı metodlardı:

a) bilimlerdi tayar halında beriw metodı;

b) bilimlerdi problemalıq jol menen bayan etiw metodlarına bólsek boladı.

Bilimlerdi tayar halında beriw eń kóp tarqalǵan metod bolıp, túsindiriw, lekciya arqalı beriledi. Tilhádiyselerin túsindiriw, oqıwshı, student biliminiń bos táreplerin tolıqtırıw, qosımsha maǵluwmat beriw, sorawlarǵa juwap beriw maqsetinde qollanıladı. Bul metodtıń unamlı hám unamsız tárepleri bar. Unamlıtárepi waqıt únemlenedi, bilimdi bekkemlewge, tákirarlawǵa ajıratılǵan waqıt kóbirek boladı. Al, unamsız tárepi oqıwshı yaki studenttińpikirlew qábileti shegaralanadı, tek tıńlawshıǵa aylanıp qaladı. Bul metodtan paydalanıwda tómendegilerge itibar beriw kerek:

– oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatına itibar beriledi, sebebi ápiwayı, mazmunlı, kórkem, tásirli hám izbe-iz bayanlanǵan pikirstudentte bilimge bolǵan qızıǵıwshılıq oyatadı;

– oqıw materialın belgili bir rejege tiykarlanıp bayan etiw;

– bilimlerdi tayar halında bayanlaw hám oǵan oqıwshını isendiriw hám tiykarlap beriw.

Bulardan basqa tilfaktlerin talqılaw ushın keltirilgen mısallardıń ilimiy, kórkem hám tárbiyalıq áhmiyeti bolıwın támiyinlew. Bilimlerdi tayar halında bayan etiwde studenttiń dıqqatın úyrenilip atırǵan materialdıń tiykarǵı táreplerine qaratıw, Keyin de úyreniliwi tiyis materiallarǵa jol-joba beriw úlken áhmiyetke iye.

Házirgi bilimlendiriw procesinde innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıp joqarı tálimnıń sapasın arttırıw tiykarǵı wazıypalardıń biri. Studentlerge zaman talabına say bilim beriwde, olardıń pikirlew, dóretiwshilik, izleniwshilik qábiletlerin rawajlandırıwda jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıwdıń áhmiyeti úlken.

Házirgi qaraqalpaq tili sintaksisinde tiykarǵı sintaksislik birlik gáp bolıp esaplanadı. Biz gáp arqalı oy-pikirimizdi basqalarǵa jetkerip beremiz. Gáp – semantikalıq, grammatikalıq hám intonaciyalıq pútinlikke iye, belgili bir oy-pikirdi bildiretuǵın sintaksislik birlik. Gáp óziniń tiykarǵı belgileri menen basqa birliklerden ajıralıp turadı.

«Gáp hám onıń tiykarǵı belgileri» temasın ótkende mashqalalı soraw metodınan paydalanamız. Sebebi, mashqalalı soraw studentlerdi erkin pikirlewge úyretedi, mashqalanı sheshiw arqalı dóretiwshilik qábiletin rawajlandıradı. Bul ushın biz studentlerge «Bir sóz ne ushın gáp boladı?», «Gáptiń sózden parqı nede?» degen mashqalalı sorawlar taslaymız. Studentlerdiń pikirlerin tıńlaymız, temanı qalay túsingenligin anıqlaymız. Bunday sorawlar studentlerdiń tilqubılısların, grammatikalıq kategoriyalardı bir-biri menen salıstırıp juwap beriwinde teoriyalıq bilim talap etiledi.

**Mashqalalı soraw metodı –** Mashqalalı soraw metodı boyınsha dáslepki ideyalar amerikalı psixolog hám pedagog J.Dyun (1859-1952 jj.) tárepinen

engizilgen. Ol 1894-jılı Chikagoda oqıtıw, oqıw rejesi boyınsha emes, bálki oyın hám miynet tiykarında alıp barılatuǵın tájiriybe mektebin shólkemlestirgen. Ótken ásirdiń 60-jıllarında bolsa mashqalalı soraw metodı L.Rubenshteyin, M.İ.Maxmudov, V.Okon, İ.Y.Lerner sıyaqlı izertlewshilerdiń kóz qarasları tiykarında jáne de rawajlanǵan. S.L.Rubenshteynniń «Oylaw mashqalalı jaǵdaydan baslanadı» degen ideyası mashqalalı tálimniń psixologiyalıq negizi sıpatında qabıl etilgen. Bul metod - oqıwshılarǵa mashqalalı jaǵdaylardıń sebep hám aqıbetlerin talqılaw hám de olardıń sheshimin tabıw boyınsha kónlikpelerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan metod.

**Mashqalalı soraw metodınıń dúzilisi:**

- ❖ Mashqalalı jaǵday túsindiriledi.
- ❖ Toparlarmashqalalıjaǵdaylardıń kelipshıǵıwsebeplerinanıqlaydı.
- ❖ Toparlar mashqalalıjaǵdaylardıń aqıbetlerituwralı pikerjúritedi.
- ❖ Toparlar mashqalalıjaǵdaydı sheshiwjollarınislepshıǵadı.
- ❖ Tuwrı sheshimler tańlap alınadı.

## Mashqalalı tálimniń abzallıǵı

❖ Tálim beriwshi tárepinen oqıwshılardıń oqıw islerinde mashqalalıjaǵdaydı payda etiw, oqıw wazıypaların hám mashqalaların sheshiw arqalı bilimlerdi rawajlandırıw boyınsha biliw iskerligin basqarıw

## Mashqalalı tálimniń tiykarǵı maqsetleri

❖ Studentlerdińpikirlew hám oylaw qábiletlerin rawajlandırıw

Mashqalalı sheshimin óz betinshe tabıw arqalı toplanǵan bilim hám kónlikpelerin arttırıw

- ❖ Dóretiwshilik kónlikpelerin qáliplestiriw
- ❖ Isker dóretiwshi insandı rawajlandırıw
- ❖ Logikalıq pikirlewdi rawajlandırıw

Bilimlerdi mashqalalı jol menen bayan etiw studentlerdiń dóretiwshilik imkaniyatların keńeyttiredi, óz pikirinerkin ayta biliwge úyretedi. Úyrenilip atırǵan bilimge qızıǵıwshılıǵı kúsheyedi.

Qaraqalpaq tilisabaqlarında mashqalalı sharayat jaratıw ushın tómendegi usıllardan paydalanıwǵa boladı:

1. Tilge baylanıslı faktlerdi talqılaw arqalı mashqalalı sharayat jaratıw. Bul usıl járdeminde oqıwshılardaǵı bar bolǵan ilimlerge tiykarlanıp, olarǵa málim emes mashqalanı sheshiw ushın sorawlar qoyıw múmkin. Máselen, «Gáp hám onıń tiykarǵı belgileri» degen tema ótilgende: «Bir sóz ne ushın gáp boladı» «Gáptiń sózden parqı nede?» degen sorawlar qoyıwǵa boladı.

2. Tilhádiyselerin qarama-qarsı qoyıw yaki salıstırıw arqalı mashqalalı soraw qoyıwǵa boladı. Salıstırıw arqalı tilhádiyseleriniń uqsaslıq hám ózgeshelik

tárepleri anıqlanadı. Máselen, Jay gáp penen qospa gáptińózgesheligi nede? degen soraw berilip, eki gápti salıstırıw arqalı uqsaslıq hám ózgeshelik táreplerin anıqlaw múmkin.

3. Tilhádiyselerin uluwmalastırıw arqalı mashqalalı soraw payda bolıwı múmkin. Bul usıl ana tili páninde induktiv metodqa tiykarlanadı. Máselen, hár qıylı dúzilistegi gápler beriw arqalı onı talqılap qaratpalar hám baslawısh aǵza arasındaǵı parıqtı anıqlaw tapsırıladı: Gúljan, kitabıńdı berip tur. Gúljan kitaptı ákeldi.

Mashqalalı sorawlar metodı oqıtıw procesinde oqıwshınıń oqıw sheberligine ayrıqsha keńislik jaratıw múmkinshiligin beredi. Oqıwshı subyektiv jańalıqtı ashıwǵa erisedi hám mashqalanı sheshiwge dóretiwshilik penen qatnas jasawdı úyrenedi. Bul metodtı paydalanǵanda sorawlardı tómendegi baǵdarda beriwimizge boladı:

– izbe-iz sorawlar arqalı studentti yaki oqıwshını juwaplardı ózi izlenip tabıwǵa baǵdarlaw maqsetindegi sorawlardı beriw;

– mashqalanı sheshiwde hár túrli kóz-qaraslardı, qarama-qarsı pikirlerdi keltirip shıǵaratuǵın sorawlardı beriw;

– talqılawǵa, uluwmalastırıwǵa, salıstırıwǵa iytermelewshi sorawlardı beriw;

– sorawlardıń qoyılıwında belgisizliklerdiń, anıq emesliklerdiń bar bolıwı;

– tolıq emes, qarsı keletuǵın yamasa artıqsha maǵluwmatqa iye sorawlardı beriw.

Olar studentler yaki oqıwshılardı anıqlıq kiritiwge, muǵallimnen qaytadan sorawǵa iytermeleytuǵın sorawlar bolıwı kerek.

Qaraqalpaq tilisabaqlarında da tómendegidey mashqalalı sorawlardan paydalansaq boladı.

1. Gáptińdúzilislik bóliniwi menen aktual bóliniwde ózgeshelik bar ma?
2. Gáp penen sintaksislik baylanısqa túspeytuǵın sózler kiris sóz be, yaki kiris aǵza ma?

Bunday sorawlar oqıwshılardı tilqubılısların, grammatikalıq kategoriyalardı bir-biri menen salıstırıwǵa, ajıratıwǵa úyretedi. Hárbir sorawǵa juwap beriwdeteoriyalıq bilim talap etiledi. Mısallar menen dálillewde oylanıwǵa májbúr boladı. Bul metodtı ótiletuǵın temanıń mazmunına qarap qollansaq boladı.

Aqılıy hújim toparlar arasında qollanılatuǵın, kóplep ideyalardı islep shıǵıw múmkin bolǵan metod esaplanadı. Bul haqıyqattan da studentlerdiń oqıw procesinde belsene qatnasıwı, túrli pikirlerdi bayan etiw waqtında basqalardı da sabaqqa qızıǵıwshılıq penen qatnasıwǵa, dóretiwshilik penen islewine imkaniyat beriwshi hám oǵan baǵdarlawshı metod bolıp esaplanadı. Aqılıy hújim sonıń ushında belsendiliktiń tiykarǵı usılı, onda jalǵız islew múmkin emes, bir ideya topardıń barlıq qatnasıwshıların bir waqıtta ózine tartıp aladı. Muǵállim tema yaki

sorawdı ayırıp alıwı zárúr, keyin oqıw belsendiligi 5-10 minut aralıǵındaǵı waqıtta kórinedi.

Aqılıy hújim túrli formada qollanılıwımúmkin. Máselen, qandayda bir temanı bekkemlew ushın, jańa soraw qoyıw yamasa qandayda bir qálegen mashqalanı sheshiw ushın.

Aqılıy hújim metodı tómendegishe ótkeriledi:

1. Topardıń barlıq qatnasıwshılarına bir tema hám bir soraw qoyıladı.

2. Oqıtıwshı oqıw procesinde bársheniń dıqqatın ózine qaratıwǵa háreket etedi.
Sorawlarauditoriyadaǵıbarlıqstudentlergeqarataberiledihámusısorawlarboyınshabarlıq pikirlerinberiwdisoraydı.

3. Barlıq, hátte, nadurıs pikirler bolsa da aytıwǵa ruxsat beriledi. Aytilip atırǵan pikirler ishinde birǵana tiykarǵıpikir saqlanıp qalıwı kerek.

4. Birpikir de talqılanbaydı, qarsıpikir aytılmaydı, bahalanbaydı.

5. Tiykarǵıpikirdi muǵállim taxtaǵa jazadı yamasa ekranda kórsetedi.

6. Aqılıy hújim tamamlanǵannan keyin, barlıq ideyalar toplanıwı, toparlarǵa ajıratiliwı yamasa kategoriyalarǵa bóliniwi múmkin.

Mısalı:  Gáp degenimiz ne?

Studentler bul sorawǵa túrlishe juwap beredi.

1.Tamamlanǵan oy-pikirdi bildiredi.

2.Tıyanaqlı oy-pikirdi bildiretuǵın sóz hám sózlerdiń dizbegi.

3.Qarım- qatnas jasaw quralı.

4.Bir sózden ,sózlerdiń dizbeginen dúziledi.

5.Predikativlikke iye Sintaksislik birlik.

6.Struktura-semantikalıq,intonaciyalıq pútinlikke iye,belgili bir  oy-pikirdi bildiretuǵın sintaksiklik birlik.

Pikirler usılay dawam ettirile beriwi múmkin.

Aqılıy hújim metodı qatnasıwshılardıń oylaw qábiletinen, bar bilimi hám imkaniyatlardan ónimli paydalanıwǵa qaratılǵan. Joqarıda  aytılǵan pikirlerdińbir-birine jaqınlıǵın hám ayırmashılıǵın talqılay otırıp, oqıtıwshı studentlerdiń hárbirpikirin esapqa alıp tolıqtırıp, bahalap baradı. Student ózgeler pikirine tiykarlanıp óz pikirinózgertiwi múmkin. Oqıtıwshıpikirlerdi talqılap:  «Struktura-semantikalıq,intonaciyalıq pútinlikke iye,belgili bir oy-pikirdi bildiretuǵın sintaksiklik birlik»,- degen anıqlamanı aytadı.Studentler temanı ańsat ózlestiredi. Bul metodtıqaraqalpaq tilisabaqlarında jiyi qollansaboladı.

Sinkveyn metodı – xabarlardı qısqasha bayan etiw, qospalı oy-pikirlerdi bir neshe sózler járdeminde bayan etiw imkaniyatın beretuǵın metod. Bul kóp túsinikler tiykarındaǵı nátiyjeni talap etedi. Sinkveyn bul qısqa qosıq bolıp, ol birer waqıya, hádiysege baylanıslı jazılatuǵın, yaki júzege shıǵaratuǵın qısqa formada xabar hám materiallardıń sintezleniwin talap etedi.

Sinkveyn sózi francuzsha «sink» sózinen alınǵan bolıp, «bes» degen mánini yamasa «bes qatarlı qosıq» degen mánilerdi bildiredi. Sinkveyndi jazıp shıǵıw qaǵıydası tómendegishe:

1. Birinshi qatarda bir sóz benen tema jazıladı.
2. Ekinshi qatarǵa temaǵa baylanıslıeki kelbektlik sóz jazıladı.
3. Úshinshi qatarǵa is-háreketti bildiretuǵın úsh sóz jazıladı.
4. Tórtinshi qatarǵa temaǵa baylanıslı gáp jazıladı.
5. Besinshi qatarǵa temaǵa mániles bir sózden ibarat sinonim jazıladı.

Bul metod studentlerdińbilimin rawajlandıradı, bayıtadı, keń túrdegi maǵlıwmatlardı qısqa etip beriwge úyretedi. «Jay gáptiń túrleri»degentemanıótkendeanıqlamalardıiqshamlap aytıwda, shınıǵıwlar islewde bul metodtan paydalanıwǵa boladı. Mısalı:

1.Gáp

2.struktura-semantikalıq,intonaciyalıq

3. Bildiredi,qollanıladı, ańlatadı.

4. Gápstruktura-semantikalıq,intonaciyalıq pútinlikke iye,belgili bir oy-pikirdi bildiredi.

5. Sintaksislik birlik

Sinkveyn ámeliy jaqtan:

– quramalıpikirdi sintezlew quralı;

– oqıwshılardıń túsinik qábiletin bahalaw quralı;

– dóretiwshilik quralı sıpatında júdá paydalı;

Sinkveyn túsinikler hám xabarlardı júzege shıǵarıwda, sintezlew hám uluwmalastırıwda tez hám áhmiyetli usıl esaplanadı.

Venn diagramması metodı – studentlerdiń úyrenilip atırǵan temalardıń ózine tán ayırmashılıq hám uqsaslıq táreplerin talqılaw kónlikpelerin qáliplestiriwge qaratılǵan metod. Bunda oqıwshılar úyrenilip atırǵan temanıń bólimleriniń bir-birinen parqın hám qay jerde qanday uqsaslıq bar ekenligin bilip aladı.

**VENN DIAGRAMMASÍNÍŃ BERILIWI**



**AV**

1.Kontekstke baylanıslı qollanıladı.

2.Pikirdi qısqa,iqsham etip beredi.

3.Kóbinese,awızeki sóylew tilinde qollanıladı.

Qara ... boladı. Jay gáptiń ayrıwsha ... irdi aytıwǵa tiyisli gáp aǵzal ... .

Mı...

Ol u... unday jaǵdayda hár qanday adam...

Bul tem... namız. Bul usılda «Ne ushın» soraw... adı hám hárbir sorawǵa juwap jazıladı. Bu... aǵarǵan máseleniń sheshimi tabılǵanına shekem dawam...

Bul usıl studentlerdi dóretiwshilikke, izleniwshilikke úyretedi, sebebi ne ushın sorawına juwap izleydi, logikalıq pikirlewi rawajlanadı.

## 2-tema: Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda oqıtıw quralları, kórgizbeli metodlardı qollanıw.

**Jobası:**

1. Qaraqalpaq tili hám ádebiyat sabaqlarınıń túrleri.
2. Konferenciya sabaǵı.
3. Disput sabaǵı.
4. Qaraqalpaq tili hám ádebiyat sabaqların shólkemlestiriw **.**

***Tayanısh sózler***: *Qaraqalpaq ádebiyatı, jańa bilim beriw sabaǵı, konferenciya, disput sabaǵı, kino film, mámleketlik bilimlendiriw standartı, oqıw baǵdarlaması, sabaqtıń maqseti, fakultativ sabaq, sabaqtan tıs jumıslar, oqıtıw metodları.*

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Sabaq oqıtıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı túri sıpatında oqıtıw mashqalalarınıń wazıypaların belgilep alıw zárúr. Sol sıyaqlı qaraqalpaq tili hám

ádebiyatın oqıtıwda sabaqtıń sapalı hám nátiyjeli bolıwı ushın mına metodikalıq talaplardı saqlawǵa baylanıslı boladı:

- Oqıwshılarǵa arnalǵan qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlıǵı mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasına muwapıq bolıp, oqıwshılardı bilim hám kónlikpeler sisteması menen qurallandırıladı;
- Mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasına muwapıq sabaqtıń maqseti hám wazıypaları, ondaǵı baslı hám ekinshi dárejeli máseleler anıq belgilenedı;
- Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda bilim beriwshilik, tárbiyalıq hám rawajlandırıw maqseti hám olardıń birligi saqlanıwı kerek;
- Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw barısında oqıwshılardı ulıwma insanıy hám milliy qádiriyatlar ruwxında tárbiyalawǵa, olarǵa milliy ideya menen milliy ǵárezsizlik ideyalogiyasın sińdiriwge qaratılıwı kerek;
- Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw arqalı xalqımızdıń dańqlı ótmishin baxıtlı búgingi kúni menen baylanıstırıp, oqıwshılar sanasına óz watanı, xalqı ushın maqtanısh sezimin qáliplestiriw kerek.

Sonday-aq, sabaq barısında hár bir oqıwshıǵa jeke qatınasıqta bolıwı, uqıplı, talantlı hám tómen úlgeretuǵın oqıwshılar menen jeke islesiwdi támiyinlew, jaslardı bilimdi ózbetinshe izlep tabıwǵa, bilimdi ózbetinshe iyelewge ádetlendiriw, sabaq barısında oqıwshılarda erkin pikirlewdi, oy-órisi menen uqıplılıǵın rawajlandırıw zárúr.

Sabaqtıń túrleri qanday bolsa, olardıń dúzilisi soǵan sáykes dúziledi. Hár bir sabaqtıń dúzilisi sabaqtıń maqsetine, didaktikalıq wazıypalarına, qollanılatuǵın metodlar menen kórsetpeli, texnikalıq qurallarǵa, oqıwshılardıń jas hám jeke ózgesheliklerine, sabaqlarda qanday pedagogikalıq texnologiyanı qollanıwǵa, ótkeriletuǵın orınǵa hám ádebiyatshı muǵallimniń sheberligine baylanıslı belgilenedi. Olardıń ayırım basqıshları keńeyiwi de, yamasa tarayıwı da, qollanılatuǵın oqıtıw usılları, quralları hám metodlarınıń orınları menen xızmeti ózgeriwi múmkin. Sonlıqtan házirgi zaman sabaq túrlerin hám olardıń dúzilislerin jańasha islep shiǵıw milliy pedagogikanıń basilı wazıypalarına kiredi.

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda sabaqtan basqa túrleri oqıw sayaxatı, seminar, ámeliyat, fakultativ sabaq, sabaqtan tıs jumıslar menen úyrenilse de boladı.

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha, joqarıda aytqanımızday, S.Axmetov, Á.Paxratdinov, Z.Ayjanova, K.Palımbetovlardıń

miynetlerinde sabaqtıń túrleri hám baǵdarlama materialların oqıtıw boyınsha metodikalıq pikirleri bildirilgen. Bul metodist alımlar ádebiyat sabaqların shólkemlestiriwdiń ózine tán ózgesheliklerin, olarǵa qoyılatuǵın zamanagóy talaplar, ádebiyat sabaqlarında oqıtıwshılardıń iskerligin jolǵa qoyıw hám onı paydalanıw, zamanagóy informaciyalıq hám jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw, sabaqtıń tásirligin hám sapasın asırıw máseleleri tuwralı metodikalıq pikirler júrgizgen hám bildirgen.

Qaraqalpaq tili hám ádebiyat sabaqlarında oqıwshılar menen islesiwdiń túrli formalarınan paydalanıw múmkinshilikleri belgili. Sonday-aq topar menen hár bir oqıwshı menen islesiw muǵallimnen sheberlik talap etedi. Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw barısında hár túrli sabaqlıqlardan paydalanıw ótiletuǵın materiallardıń nátiyjeligin hám sapasın arttırıp baradı. Oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı kúsheyedi. Solay eken, búgingi kúni sabaqtı shólkemlestiriwde qoyılatuǵın tiykarǵı talaplardıń biri. Hár bir ótiletuǵın taza temanıń ilimiy maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan bolıwı hám oqıwshılardıń imkaniyatın esapqa alǵan halda temanıń kólemin belgilew, onıń quramalıǵın anıqlaw, sabaqta kerek bolatuǵın materiallardı belgilew hám qosımsha kórgizbeli qurallar menen bayıtıw, jáne de sabaqta mashqalalı sharayattı jaratıw bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Solardıń ishinde konferenciya sabaǵınıń metodikasına toqtaǵandı maqul taptıq.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Azizxo‘jayeva N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. Toshkent. 2003.
2. Ayjanova Z. A’debiyat sabag‘inda I.Yusupovtin shig‘armalarin uyreniw. Nokis. «Bilim», 1993.
3. Ayjanova Z. A’debiyat sabaqlarinda ayrim prozaliq shig‘armalardi uyreniw. Nokis. «Bilim», 1991.
6. Allaniyazova Sh., Turdibayev Q., Yusupov Q. Pedagogikaliq praktika. No’kis. «Qaraqalpaqstan», 2011.
7. Axmedov Q. X.H.Niyaziyning «Boy ila xizmatchi» dramasini o‘rganish. Toshkent. 1968.
8. Axmedov S., Paxratdinov Ә., Pirnazarov A. Qaraqalpaq a’debiyatin oqitiw metodikasi. Nokis. «Qaraqalpaqstan», 1988.
9. Axmedov S. A’debiyat ha’m kritika, No’kis. "Qaraqalpaqstan", 1978.
10. Axmedov S. Adabiyot darslarida epik janrlarni o‘rganish. Toshkent. «O‘qituvchi», 1986.

11. A’lewov O. Qaraqalpaqstanda ta’lim-ta’rbiyaliq oylardin qa’liplesiwi ha’m rawajlaniwi. No’kis, «Bilim», 1993.
12. G‘ulomova N. Adabiyot darslarida ilg‘or pedagogik texnologiyalaridan foydalanish. Toshkent. «RTM», 2003.
14. Davletshin M.G. Zamonaviy maktab o‘qituvchisining psixologiyasi. Toshkent. «O‘zbekiston», 1999.

## 3-tema **Sabaqta oqıwshılardı reyting sisteması hám kompetenciya tiykarında bahalaw.**

**Jobası:**

1. Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda kompetenciya sabaǵın shólkemlestiriw
2. Konferensiya sabaǵına qoyılatıǵın metodikalıq talaplar
3. Konferensiya sabaǵınıń qollanıw ózgeshelikleri

***Tayanısh sózler**: konferenciya, disput sabaǵı, kino film, mámleketlik bilimlendiriw standartı, oqıw baǵdarlaması, sabaqtıń maqseti, fakultativ sabaq, ádebiyat sabaqları, oqıtıw metodları.*

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha, joqarıda aytqanımızday, S.Axmetov, Á.Paxratdinov, Z.Ayjanova, K.Palımbetovlardıń miynetlerinde sabaqtıń túrleri hám baǵdarlama materialların oqıtıw boyınsha metodikalıq pikirleri bildirilgen. Bul metodist alımlar ádebiyat sabaqların shólkemlestiriwdiń ózine tán ózgesheliklerin, olarǵa qoyılatuǵın zamanagóy talaplar, ádebiyat sabaqlarında oqıtıwshılardıń iskerligin jolǵa qoyıw hám onı paydalanıw, zamanagóy informaciyalıq hám jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw, sabaqtıń tásirligin hám sapasın asırıw máseleleri tuwralı metodikalıq pikirler júrgizgen hám bildirgen.

Qaraqalpaq tili hám ádebiyat sabaqlarında oqıwshılar menen islesiwdiń túrli formalarınan paydalanıw múmkinshilikleri belgili. Sonday-aq topar menen hár bir oqıwshı menen islesiw muǵallimnen sheberlik talap etedi. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında hár túrli sabaqlıqlardan paydalanıw ótiletuǵın materiallardıń nátiyjeligin hám sapasın arttırıp baradı. Oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı kúsheyedi. Solay eken, búgingi kúni sabaqtı shólkemlestiriwde qoyılatuǵın tiykarǵı talaplardıń biri. Hár bir ótiletuǵın taza temanıń ilimiy maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan bolıwı hám oqıwshılardıń imkaniyatın esapqa alǵan halda temanıń kólemin belgilew, onıń quramalıǵın anıqlaw, sabaqta kerek

bolatuǵın materiallardı belgilew hám qosımsha kórgizbeli qurallar menen bayıtıw, jáne de sabaqta mashqalalı sharayattı jaratıw bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın jańa bilim beriw sabaq, konferenciya, disput sabaq túrleri menen oqıtıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Solardıń ishinde konferenciya sabaǵınıń metodikasına toqtaǵandı maqul taptıq.

Sh.Allaniyazova, Q.Turdıbaev, Q.Yusupovlardıń avtorlıǵında jarıq kórgen "Pedagogikalıq praktika" degen metodikalıq qollanbada konferenciya sabaǵı haqqında tómendegi pikirler bildirilgen: "Konferenciya sabaǵı klasta hám klastan tıs ótiletuǵın sabaqtıń bir túri. Materiallardı konferenciya sabaǵı arqalı mına maqsetlerde úyrenemiz. Ótiletuǵın material haqqında túsinik, materialdı úyreniwde ilimiy teoriyalıq miynetlerdi tereńnen biliw, materialdı úyreniwde oqıwshılardıń temaǵa túsinigin rawajlandırıw"[3]-dep konferenciya sabaǵınıń maqsetin hám wazıypaların orınlı ashıp kórsetken. Demek, konferenciya sabaǵı oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵı esapqa alınǵan halda ótiletuǵın sabaqtıń túri. Bul sabaq túrin ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyasın oqıtıw barısında paydalansaq maqsetke muwapıq boladı. Sebebi, baǵdarlamada berilgen tema sholıw lekciyasına ıqshamlastırıp berilgen. Ekinshiden, oqıwshılar ǵárezsizlik dáwirindegi poeziya menen 9-klasta tolıq tanısıp aladı. Úshinshiden, ǵárezsizlik dáwirde bir neshe shayır dóretiwshiligi úyreniledi. Usılardı esapqa alǵan halda usı tema átirapında konferenciya sabaǵın paydalansaq oqıwshılarda qızıǵıwshılıq hám temaǵa túsinigi arta baslaydı. Konferenciya sabaǵın shólkemlestiriw ádebiyatshı muǵallim tárepinen ámelge asırıladı. Muǵallim ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyanıń ideya-tematikalıq baǵdarın, usı dáwirdegi shayırlardıń dóretpeleri boyınsha túsinik beredi. Keminde bir hápte burın akademiyalıq liceydiń 3-kurs oqıwshılarına tómendegi temalar bayanat ushın bólistiriledi.

1. Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyasınıń tematikası hám rawajlanıw baǵdarı.
2. I.Yusupovtıń ǵárezsizlik dáwirdegi poeziyasınıń tárbiyalıq áhmiyeti.
3. B.Genjemuratov poeziyasında tariyxıy shınlıqtıń súwretleniwi.
4. N.Tóreshova lirikasında Watan temasınıń jırlanıwı.
5. J.Izbasqanov dóretiwshiliginiń izertleniwi.
6. X.Dáwletnazarov poeziyası.

---

[3] **Алланиязова Ш., Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Педагогикалық практика. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011, 43-44-bet.**

Muǵallim konferenciya sabaǵın baslamastan aldın oqıwshılardıń tayarlıǵın kórip shıǵadı. Burın hár bir bayanatshıǵa eki pikir bildiriwshiler bekitilip qoyıladı. Olardıń wazıypası hár bir bayanattıń mazmunı hám sapalılıǵına itibar beredi. Sabaq baslanǵannan soń bayanatshılardıń temaları oqıp esittiriledi. Bayanattı oqıw ushın kem degende 6 minut waqıt belgilenedi. Shıǵıp sóylewshiler ushın 3 minut waqıt ajıratıladı. Sonda 6 bayanat ushın 36 minut ketedi. 12 shıǵıp sóylewshige 3 minuttan 36 minut jumsaladı. 72 minut ishinde shıǵıp sóylewshiler hám pikir bildiriwshiler óz kóz qarasların bildirip, sabaqtı juwmaqlawǵa 8 minut waqıt beriledi. Bunda ádebiyatshı muǵallim sabaqtıń nátiyjelerin aytıp ótedi. Hár bir bayanatshıǵa tiyisli baha beriledi. Shıǵıp sóylewshilerge de bahalar qoyıladı.

Hár bir bayanatshınıń shıǵıp sóylegen sózlerinen mısallar keltirip óteyik.

**Birinshi bayanatshınıń sózi:** 1991-jılı 1-sentyabrden baslap Ózbekistan Respublikası tariyxında jańa dáwir baslandı. Xalqımız jańa social-jámiyetlik hám siyasıy ekonomikalıq tábiyǵıy qıyınshılıqlar, sonıń menen birge xalqımız erisken úlken tariyxıy, mádeniy jetiskenlikler ǵárezsizlik dáwir ádebiyatında belgili dárejede sáwlelendi. Usı dáwirde I.Yusupov, Sh.Seytov, X.Dáwletnazarov, B.Genjemuratov, S.Ibragimov, O.Sátbaev, M.Jumanazarovalardıń dóretiwshiligi belgili dárejede orın aladı. Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarınan baslap milliy ózgesheligimizdi, milliy úrip-ádetlerimizdi qayta tiklep, ekonomikamızdı jańa baǵdarda rawajlandırıwǵa jol ashtıq. Bul dáwirde jazılǵan I.Yusupovtıń "Mustaqıllıq maydanınan ótkende", X.Dáwletnazarovtıń "Nawrız seyili", B.Genjemuratovtıń "Ernazar Alakóz benen ruwxıy sáwbet", O.Sátbaevtıń "Ernazar baba", Á.Ájiniyazovtıń "Bul jurttıń batırları qayda?" hám taǵı basqada shıǵarmalarda ǵárezsizlik dáwirdiń kelbeti súwretlendi.

Ǵárezsizlik jıllarına kelip qaraqalpaq poeziyasında poema janrında da rawajlanıwlar boldı. Burınnan qálem terbetip kiyatırǵan O.Sátbaev, J.Izbasqanov, B.Genjemuratov, X.Dáwletnazarovlardıń poemaları baspadan shıqtı. J.Izbasqanovtıń "Kamal", X.Dáwletnazarovtıń "Iyesiz jurt", B.Genjemuratovtıń "Móde xan sózi yamasa Qıtay jipegindegi bitik", N.Tóreshovanıń "Jetim qız" poemaları dóretildi.

**Birinshi bayanatshıǵa pikir bildiriwshi:** Bul bayanatta ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyanıń rawajlanıw baǵdarın sholıw jasadı. Ondaǵı belgili shayırlardıń dóretpelerinen mısallar keltirip, tek temaları aytılıp ótildi. Menińshe, ayırım shayırlardıń dóretpelerine qısqa tallaw islegende maqsetke muwapıq bolar edi. Máselen, Ǵárezsizlik dáwirde I.Yusupovtıń "Mángi bulaq", "Búlbil uyası",

“Mámelek oy”, “Poseydonnıń ǵázebi”, “Watan topıraǵı” h.t. basqa dóretpeleri kórkem qurılısında realislik hám erteklik, mifologiyalıq syujetlerdiń, obrazlardıń elementleri jámiyettegi, dáwirimizdiń aktual máselelerin kótere alıwı, oqıwshılarımızda joqarı estetikalıq talǵamdı qáliplestiriwge xızmet etiwi menen bahalı sınlı pikirler aytılıwı kerek edi. Ulıwma bayanat jaqsı jazılǵan dep esaplayman.

Usı formada bir neshe shıǵıp sóylewshiler ózleriniń sın pikirlerin bildirip baradı. Bul usıl bir jaǵınan oqıwshılardıń bayanat jazıwǵa dóretiwshilik penen qatnas jasawǵa úyrence, ekinshi jaǵınan oqıwshılarda juwapkershilik kúsheyip sabaqqa tayarlıǵı, qızıǵıwshılıǵı artıp baradı. Jáne de bayanatshılardıń hám shıǵıp sóylewshilerdiń sózlerinen úzindiler keltirip óteyik:

**Ekinshi bayanatshınıń sózi:** “I.Yusupov qaraqalpaq poeziyasın janrlıq hám formalıq jaqtan bayıttı. Onıń ǵárezsizlik jıllarında jazılǵan dóretpeleri “Begligińdi buzba sen” (1995), “Búlbil uyası” (1995), “Ómir saǵan ashıqpan” (1999), “Hár kimniń óz zamanı bar”(2004) toplamlarına kirgizilgen.

Shayır lirik qaharmanlardıń ishki dúnyasındaǵı alaǵadalıqlar menen bazı bir túsınbewshiliklerdi, belsendiliktiń jetispewshiligi menen bazar ekonomikasınıń bazı bir nuqsanlarında jasırǵan joq. Máselen, shayırdıń sonǵı toplamlarında orın alǵan “Múnájat”, “Kórsetken ráhátli kúniń usıma?”, “Bazar jolında”, “Men qorıqpayman”, “Tók tawındaǵı oylar”, “Kendir menen xoshlasıw” hám basqa da qosıqlarında haqıyqatlıqtı tuwırı súwretledı. Shayırdıń “Múnájat” qosıǵında:

Táńirim, insap ber óz bendelerińe,
Bul barısta neshik zamana bolar,
Dárt jamalıp kewillerdiń sherine,
Dáwir daǵdarstan awara bolar.

“Men qorıqpayman” qosıǵında shayır basqasha oylardı, pikirlerdi bildiredi. “Men qorıqpayman, saylań, meyli saylamań, maǵan onsha úmit baylamań”-dep usı jılları deputat saylaw, el-xalıq basshıların lawazımǵa qoyıwdıń orınsız tárepleri ashıp kórsetiledi. Ulıwmalastırıp aytqanda, I.Yuspovtıń ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyası ádebiyatımızdıń úlken jetiskenligi menen maqtanıshı boldı.”

**Ekinshi bayanatshıǵa pikir bildiriwshi:** “Bayanatshı I.Yusupov poeziyası boyınsha jaqsı pikir bildirip, shıǵıp sóyledi. Biraq kórkem ideyalar, shayırdıń lirikalıq qosıqlarındaǵı tárbiyalıq áhmiyeti jeterli aytılmadı.

**Úshinshi bayanatshınıń sózi:** Ǵárezsizlik jıllarında B.Genjemuratov poeziyası belgili orın iyeleydi. Shayırdıń “Aptaptıń ómiri” (1987),

“Saratan”(1990), “Oq qadalǵan ay”(1995), “Ukuzdaryo bitiklari”(2006,2007) qosıqlar toplamları baspadan shiqtı.

B.Genjemuratovtıń ǵárezsizlik dáwirindegi lirikası publicistikalıq ruwxınıń ótkirligi, mártligi, oy hám sezimlerdiń ashıqtan ashıq súwretlewi, ózine tán kórkem forması, qosıq qurılısı, ırǵaǵı menen ayırılıp turadı. Shayırdıń “Suw peri”, “Móde xan sózi yamasa Qıtay jipegindegi bitik” poemaları belgili orındı iyeleydi. Ásirese, shayırdıń “Móde xan sózi yamasa Qıtay jipegindegi bitik” dóretpesi házirgi milliy poeziyamızda elewli hádiyse boldı. Bul dóretpede tarıyxıy waqıyalar óziniń realistlik súwretlew ornın taba alǵan. Sonday-aq dóretpede watandı qorǵaw ideyasın anıq bir másele, jerdiń bir qarısı ushın da insannıń janın ayamaw, ata-babalarımızdıń qaharmanlıq gúresi arqasında bizge miyras bolıp qalǵan bul biybaha hám hasıl topıraqtı kózdiń qarashıǵınday saqlaw máselesi jırlanadı.

B.Genjemuratov óziniń poeziyası menen qaraqalpaq poeziyasın formalıq, tematikalıq hám janrlıq jaqtan bayıtqan belgili shayır.

**Úshinshi bayanatshıǵa pikir bildiriwshi:** “B.Genjemuratov poeziyası boyınsha bayanat jaqsı jazılǵan. Biraq shayırdıń kópshilik qosıqlarına jeterli tallaw islenbegen. Poemadan úzindi keltiriwi kerek edi:

Sadaq tarttım arıwıma,
Jılap-sińsıp ushtı oq,
Ay tánine, júregine ájel bolıp tústi oq,
Jeti mıń Alp, jeti mıń gúrt,
Qaltıramas qolları,
Gózzalımnıń pák qanında, jeti mıń oq-pisti oq!

Keltirilgen úzindide jawıngerlerdiń mártligi, qaharmanlıǵı súwretlenedi.

Bayanattı jazıw barısında usı táreplerdi alıp, mısallardı orınlı keltirgende bayanat joqarı dárejede jazılǵan bolar edi.”

**Tórtinshi bayanatshınıń sózi:** “Keńesbay Kárimov ǵárezsizlik jılları lirikalıq qosıqlar jazıwda tabıslı miynet etti. Olarda shayır xalqımızdıń búgingi kúni ushın áhmiyetli bolǵan social-jámiyetlik máselelerdi ortaǵa qoydı. Oqıwshılardıń dıqqatın tez awdaratuǵın, jas áwladlarǵa sabaq bolatuǵın áhmiyetli shıǵarmalardı inam etti. Onıń “Araldan keldi”, “Kóńlim múlki” atlı poetikalıq toplamları poeziyamızdıń tabısı esaplanadı. “Watan haqqında gimn” qosıǵı tásirli jazılǵan.

Qırım bes graduslıq ıssılarında,
Qumları kúydirip tabanlarımdı,
Saratanda esken samallarıńnan,

Qurǵar erinlerim qaq-qaq jarıldı-

dep lirik qaharmannıń tuwılǵan jeri haqqında oyları kórkemlilik penen súwretlengen. Shayırdıń “Boljaw”, “Suw tasıwshı”, “Ata mákán” sıyaqlı qosıqlarında burıngı ózgergen ana tábiyatımız benen oǵan juwapkersizlik penen qaraǵan zamanlaslarımızdıń bazı bir unamsız háreketleri isenimli súwretlengen.”

**Muǵallim:** Bayanat boyınsha sorawlar barma?

**Soraw:** K.Kárimov poeziyasında jaslardı adamgershilikke tárbiyalaytuǵın qosıqlarınan mısallar keltiriń.

**Juwap:** Isenemen…

Mıń jıl boyı tabısıp atırǵan,
Ashıqlardı ayra salmaslıǵına,
Boljawlardı pushqa shıǵarıp hám,
Ámiw, Aral qurıp qalmaslıǵına…-

dep kórsetiwi “Boljaw” qosıǵındaǵı tiykarǵı ideyası esaplanadı. Onda zamanlaslardı aqıl-parasatlılıqqa, gumanizmge, sergeklikke tárbiyalaydı.

**Besinshi bayanatshınıń sózi:** “Orazbay Sátbaev ǵárezsizlik dáwirde eń kózge túsken talantlı shayırlardıń biri. Onıń “Dáslepki qar” (1988), “Ay sıǵalaydı”(1992), “Dónbekshigen dúnyasań”(1995), “Tırnalar”(2007) atlı poeziyalıq kitapları basılıp shıqtı.

Nóser aldımda bolar “jarılıs”,
Bulttı bultqa urıp shaqmaq shatnaydı,
Sońıra maqpalday maysa qaplaydı”-

dep “Jarılıs” qosıǵında tábiyat kórinisi menen bizdi qorshaǵan ortalıq qubılısınan alınǵan jaratılıstıń bir túri. Bul máseleni shayır ómir qubılısları menen baylanıstırıp súwretlegen. O.Sátbaev poeziyasında watan, tábiyat ulıwma insanıylıq ideyalar tásirli súwretlengen.

**Pikir bildiriwshi**: “Bayanattı qısqa jazǵan. Óziniń pikirlerin izbe-iz bere alǵan. Shayırdıń ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyasına qosqan úlesi tuwralı az maǵlıwmat bergen. Bayanatshı óz sózlerinde shayırdıń ádebiyattaǵı ornın ashıp beriwge háreket islewi kerek edi.”

Solay etip, pikir bildiriwshi oqıwshılar bayanattıń jetiskenligin hám kemshiligin aytadı. Barlıq bayanat oqıladı. Bayanatshılarǵa sorawlar berilip barıladı. Jarıs sózlerge shıqqan pikir bildiriwshilerdiń ǵárezsizlik dáwirdegi poeziya boyınsha túsinigi sezilip barıladı. Olardıń usı dáwirdegi shayırlardıń dóretpeleri boyınsha túsinigi, I.Yusupov, Sh.Seytov, K.Raxmanov, J.Izbasqanov,

X.Dáwletnazarov, O.Sátbaev, B.Genjemuratovlardıń lirikalıq qosıqları, epikalıq dóretpeleriniń syujeti, qaharman obrazı, obraz jasawdaǵı sheberligi, shayırlıq stillik ózgeshelikleri túsindiriledi. Sonıń ushın konferenciya sabaǵında oqıwshılardıń poeziyalıq shiǵarmalardı tallawı, dóretpeniń mazmunına túsinigi artadı. Nátiyjede konferenciya sabaǵında oqıwshılardıń poeziyalıq shıǵarmalardı tereńirek túsiniwge hám ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyanıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarına pikirlew qábileti rawajlanadı. Sonday-aq akademiyalıq licey oqıwshıları menen ótkerilgen ǵárezsizlik dáwirdegi poeziya boyınsha konferenciya sabaǵı, olardıń ilimiy kóz qarasların, oy-órisin rawajlandırıwǵa baǵdar boladı.

Ǵárezsizlik dáwirdegi qaraqalpaq poeziyasına arnalǵan konfereciya sabaǵın basqa sabaq túrlerine salıstırǵanda úlken artqımashlıǵı bar.

1. Usı dáwir poeziyasına arnalǵan konferenciya sabaǵına oqıwshılar úlken qızıǵıwshılıq hám juwapkershilik penen qatınasadı.

2. Konferenciya sabaǵına tayarlanıw barısında oqıwshılardıń izleniwshiligi, ilimiy miynetlerdi oqıwǵa qızıǵıwshılıǵı, I.Yusupov, B.Genjemuratov, J.Izbasqanov, N.Tóreshova, O.Sátbaev h.t.basqa shayırlardıń dóretpelerin tallawǵa uqıbı payda boladı hám artadı.

3. Ǵárezsizlik dáwirdegi poeziyanı úyreniw ushın saat az berilgen. Usılardı esapqa alsaq, bul sabaq túri oqıwshılardıń temaǵa túsinigi ádewir tereńlesip baradı, ádebiy shıǵarmalardı durıs túsinip oqıwǵa ıqlası kúsheyedi. Demek, konferenciya sabaǵı-bul oqıshılarda izleniwshilikti payda etedi.

**Sorawlar hám tapsırmalar:**

1. Konferenciya sabaǵı haqqında túsinik beriń.
2. Konferenciya sabaǵın shólkemlestiriw haqqında maǵlıwmat beriń.
3. Konferenciya sabaǵında kórsetpeli qurallardan paydalanıw usılların túsindirip beriń.
4. Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı baǵdarlamasında materiallardı konferenciya sabaǵı menen úyreniwdi túsindirip beriń.
5.Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı sabaǵında texnikalıq kórsetpeli qurallardan paydalanıwdıń áhmiyetin hám ózgesheliklerin túsindiriń.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Zunnunov A., Xotamov N., Esonov J., Ibrohimov A. Adabiyot o‘qitish metodikasi.(darslik), Toshkent, «O‘qituvchi», 1992.

2. Yuldashev Q. Adabiyot o‘qitishning ilmiy nazariy asoslari. Toshkent, «O‘qituvchi», 1996.
3. To‘xliyev B. Adabiyot o‘qtitish metodikasi. (o‘quv qo‘llanma), Toshkent, «O‘zbkiston milliy kutubxonasi» nashriyoti, 2010.
4. Paxratdinov A’. Qaraqalpaq a’debiyatin oqitiw metodikasi. (sabaqliq), Nokis, «Bilim», 2004 Юсупов K.A. Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın sabaqtan tıs jumıslar arqalı úyreniwdiń ilimiy metodikalıq máseleleri. Metodikalıq qollanba. – Nókis: Miraziz Nukus, 2018. – 5 б.т. – 68 б
5.Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 b.t. – 336 b.
6. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde qaraqalpaq a’debiyatin oqitiw metodikasi. Monografiya. – Nokis: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 b.t. – 112 b.

**Internet saytlari**

1. http://www.ziyonet.uz
2. http://www.edu.uz
3. http://www.cheloveknauka.ru
4. http: //dissercat.com
5. http: //ziyouz.com

## V. GLOSSARIY

| | |
|---|---|
| Kirisiw lektsiyası- | Pán tuwralı túsinik beriledi. Pedagogikalıq wazıypası: Studentti usı pánniń maqseti hám wazıypaları menen tanıstırıw, kásipke baǵdarlawda onıń orın hám áhmiyetin belgilew, kurs boyınsha qısqasha sholıw jasaw, pánniń jetiskenlikleri hám belgili alımlar menen tanıstırıw, keleshektegi izertlewlerdiń baǵdarın belgilew, usınıs etilgen oqıw-metodikalıq ádebiyatlar haqqında túsinik beriw, esap beriw hám baxalawdın kriteriyasın, túrlerin belgilew. |
| Lektsiya-xabar -(informatsiya) | Lektsiyanıń bir túri esaplanıp, pedagogikalıq wazıypası oqıw maǵlıwmatlardı bayan qılıw hám túsindiriw. |
| Sholıw lektsiyası- | Bayan qılınǵan teoriyalıq pikirlerdiń tiykarın, ilimiy terminler hám ulıwma kurs yaki bólimlerdiń kontseptual tiykarların shólkemlestiriw |
| Problemalıq lektsiya- | Jańa bilimlerge qoyılǵan soraw, másele, jaǵdaydıń mashqalası arqalı beriledi. Bunda oqıwshınıń oqıtıwshı menen birgeliktegi biliw barısın ilimiy izleniwge jaqınlasadı. Pedagogikalıq wazıypa: jańa oqıw xabarınıń mazmunın ashıw, mashqalanı qoyıw hám onı sheshiwdi shólkemlestiriw, házirgi zaman kózqarasınan tallaw; |
| Vizual lektsiya- | Lektsiyanıń eń joqarǵı forması vizual materiallarınan paydalanıw, olarǵa anıq hám qısqa sholıw jasaw. Pedagogikalıq wazıypası: materiallardaǵı jańa maǵlıwmatlardı oqıtıwdıń texnikalıq quralları hám video texnika járdeminde beriw; |
| Lektsiya konferentsiya- | Dáslepki máseleler hám bayanatlar (5-10 minut) ibarat ilimiy ámeliy sabaq sıpatında oqıw baǵdarlaması |

| | |
|---|---|
| | shegarasında ótiledi. Bayanatlar birgelikte mashqalanı hár tárepleme jaratıwǵa qaratılıwı kerek. Sabaq akırında oqıtıwshı óz betinshe isler hám studentlerdiń lektsiyalarǵa juwmaq jasap, toltırıp, anıqlap juwmaq jasaydı.<br>Pedagogikalıq wazıypası: jańa oqıw maǵlıwmattıń mazmunın jaratıw; |
| Másláhát lektsiyası- | Túrli kórsetiwler járdeminde ótiwi múmkin. Máselen: 1) «Soraw-juwap» lektor tárepinen barlıq kurs boyınsha yaki ayırım bólimler boyınsha sorawlarǵa juwap beriledi.<br>2) «Soraw-juwap-diskussiya» - izleniwge múmkinshilik beredi. Pedagogikalıq wazıypası: Baǵdarlamadaǵı materiallar boyınsha jańa maǵlıwmattı ózlestiriwge qaratıladı. |

**Metodika -** bul oqıw barısında sistemalı qollanılatuǵın pedagogikalıq jumıstıń ulıwma baǵıtına kúshli tásir qılatuǵın bilim usılı.

**Estetika**-bul qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası menen óz-ara tıǵız baylanıslı. Sonlıqtan oqıwshılardıń estetikalıq sezimlerin kórkem shıǵarmalardı oqıtıw arqalı qáliplestirilip barıladı.

**Psixologiya-**adamnıń obektiv barlıqtı seziw, qábileti, oylaw, sezim hám basqa psixik hádiyseler arqalı sáwlelendiriw protsessin úyretetuǵın pán.

1.**ANKETA-** Aldınnan tayarlanǵan sorawlar tiykarında juwap alıw ushın tayarlanǵan bet.

2.**AUTOGEN SHINIǴIW**-óz -ózin isendiriw hám óz-ózin basqarıw tiykarlanǵan psixoterapevlik usıl.

3.**SÁWBET**-psixologiya metodlarınıń biri bolıp sóylew qarım-qatnası járdeminde tikkeley hám tikkeley emes maǵlıwmat alıwdan ibarat.

4.**BIOGRAFIYALIQ METOD -** adamnıń onıń biografiyası menen baylanıslı bolǵan hújjetler arqalı úyreniw usılı.

5. **TÁBIYIY EKSPERIMENT-** tekseriwshiniń ózine bildirilmegen jaǵdayda onı oyın, oqıw hám miynet xızmetinde úyreniwden ibarat psixologiyalıq tájriybe.

6. **İNTROSPEKTSIYA**-adamnıń óz-ózin dúzetiwi.

7. **LABORATORIYALIQ EKSPEREMENT-** Psixologiya metodı bolıp tekseriliwshige tásir etetuǵın hámme faktorlar qadaǵalaw qılınǵan halda jasalma sharayatta alıp barıladı.

8.**PSIXOLOGIYA METODLARI-** psixik hádiyselerdi hám olardıń nızamlıqların ilimiy tárepten úyreniwdiń jol jorıq usılları.

9.**GÚZETIW-** psixologiyalıq metodlarınan bolıp adamnıń is háreketlerinde payda bolatuǵın túrli hádiyselerdi esapqa alıw hám subektiv psixikalıq hádiyseler haqqında pikir alıwdan ibarat.

10.**SOTSIOMETRIYA**-J.Moreno tárepinen usınıs etilgen bolıp óz-ara múnásebetler dúzilisi menen psixologiyalıq birigiwshilikti anıqlaw maqsetinde topar hám jámáátlerdegi shaxslar ara múnásebetlerdi úyreniwden ibarat psixologiyalıq izertlew metodı.

11. **ÓZIN-ÓZI GÚZETIW-** Bunda subekttiń óz psixik jaǵdayları menen óz is háreketlerin úyreniwden ibarat metod.

12.**TEST-** Standartlastırılǵan psixologiyalıq sınaw bolıp, bunıń nátiyjesinde ol yamasa bul túrdegi psixik protsessti bahalawǵa yaki shaxstı bir pútinliginshe úyreniwge qaratılǵan usıl.

13.**EKSPERIMENT-** Psixologiyanıń tiykarǵı metodlarınan bolıp, ózgeriwsheń ǵarezsiz psixik jaǵdaylardıń basqa ǵárezsiz emes jaǵdaylarǵa tásir etiwdegi anıq maǵlıwmatlarǵa tayanadı.

**14. KİShİ TOPAR** – aǵzaları birgeliktegi xızmet penen shuǵıllanıwshı hám tuwrıdan-tuwrı shaxsiy múnásibetlerde bolıwshı adamlar toparı.

**15. MOTİV** – Málim zarúrliklerdi qandırıw penen baylanıslı xızmetge úndewshi sebep.

**16. MOTİVATsİYa** – adamnıń aktiv xızmetine úndewshi motivler jıynaǵı.

**17. DÚYaǵa kózQARAS** – adamnıń dógerek átiraptaǵı álemge hám onda óziniń tutqan ornına qaraslarınan kelip shıqqan dizim.

**18. ZÁRU’RLİK** – Adam hám haywan jedelliginiń tiykarǵı deregi – anıq sharayatlar menen baylanıslı zárúriyattıń ishki halatı.

**19. REFERENT TOPAR -** shaxstıń hár tárepleme isengen,ózin jaqın tutqan toparı; «Etalon topar», bull topar haqıyqıy bolıwı hám sonıń menen birge ámeliy bolıwı dı múmkin.

**20. SOTsİALLASTIRIW** – individtiń sotsiallıq tájriybelerin iyelewi hám bunıń nátiyjesinde ol tájriybeni takirar islep shıǵarıwda qollawı protsessii.Sotsiallastırıw – tiykarǵı, jetekshi komponenti – tárbiya bolıp esaplanadı.

**21. ÓZ-ÓZİN QADAG’ALAW-** shaxstıń óz halatın tártipge salıw, onı basqarıp barıw.

**21. ÓZ-ÓZİNE BAHA BERİW** – shaxstıń óz-ózine baha beriwi.

**25. FRUSTRATsİYa** – Aldanıw, qapa bolıw, rejelerdiń izden shıǵıwı – adamnıń maqsetke erisiw jolında ushraytuǵın obektiv ráwishte jeńip bolmaytuǵın yaki subektiv ráwishte sonday túyiletuǵın qıyınshılıqlar sebebinen payda bolatuǵın psixodogik halatı.

**26. EMPATİYa** – basqa adamlardıń psixik hallatların túsiniw hám olarǵa hámdártlik qılıw qábileti.

**27. ORİENTATsİYa** – Shaxstıń sotsial-siyasiy hám jámiykttiń ádep-ikramlılıq normalarına múnásibeti dizimi.

**28. DIQQAT** - bir waqıttıń ózinde ańnıń málim bir obektten ekinshi obektge jóneltiriliwi hám toplanıwı bolıp , ıqtıyarsız, ıqtıyarlı hám ıqtırlıdın keyingi túrlerge ajıratıladı.

**29. DOMİNANTA** - Bas miy qabıǵında waqtınsha húkmran qozǵalıs oshaǵı bolıp, bul húkimran oray ushın qozǵalıslardı ózine toplab, basqa nerv oraylarınıń isin tormazlab turıwı xarakterli bolıp tabıladı. A.A. Uxtamёkinniń pikrinshe , húkimran dominanta dıqqatttıń fiziologik tiykarı bolıp esaplanadı.

**30. İNDUKTsİYa - ( NEYROFİZİOLOGİYa**) – Oraylıq nerv sistemasınıń qaysıdur orayında qozǵalıs payda bolsa, ol basqa oraylarda tormozlanıwdıń kelip shıǵıwına, tormozlanıw bolsa qozǵalstıń kelip shıǵıwına sebepshi bolıwdan ibarat nızam.Nerv sistemasınıń qaysıdur jayında sadır bolǵan protsess ekinshi túrdegi protsessti keltirip shıǵarıwǵa, bir waqıttıǵı induktsiya, nerv sistemasındaǵı, málim prtsess tásiri toqtawı menen-aq júzege keletuǵın protsesske izbe-izlik induktsiyası deyiledi.Tormozlanıwdıń qozǵalıstı keltirip shıǵarıwǵa unamlı induktsiya hám qozǵalıstıń tormozlanıwınıń keltirip shıǵarıwna unamsız induktsiya delinedi.

# VI. PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR

## I. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń shıǵarmaları


1. Mirziyoyev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. – T.: O‘zbekiston, 2017. – 488 b.
2. Mirziyoyev Sh.M. Milliy taraqqiyot yo‘limizni qat’iyat bilan davom ettirib, yangi bosqichga ko‘taramiz. 1-jild. – T.: O‘zbekiston, 2017. – 592 b.
3. Mirziyoyev Sh.M. Xalqimizning roziligi bizning faoliyatimizga berilgan eng oliy bahodir. 2-jild. T.: O‘zbekiston, 2018. – 507 b.
4. Mirziyoyev Sh.M. Niyati ulug‘ xalqning ishi ham ulug‘, hayoti yorug‘ va kelajagi farovon bo‘ladi. 3-jild.– T.: O‘zbekiston, 2019. – 400 b.
5. Mirziyoyev Sh.M. Milliy tiklanishdan – milliy yuksalish sari. 4-jild.– T.: O‘zbekiston, 2020. – 400 b.
6. Mirziyoyev Sh.M. Yangi O‘zbekiston strategiyasi – T.: O‘zbekiston, 2021. - 464 б.


## II. Normativ-huqıqıy hújjetler


7. O‘zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. – T.: O‘zbekiston, 2018.
8. O‘zbekiston Respublikasining 2020 yil 23 sentabrda qabul qilingan “Ta’lim to‘g‘risida”gi O‘RQ-637-sonli Qonuni.
9. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022 yil 22 yanvar “2022 - 2026 yillarga mo‘ljallangan Yangi O‘zbekistonning taraqqiyot strategiyasi to‘g‘risida”gi PF-60-son Farmoni

10. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 26 sentabr“Oliy ta’lim muassasalariga kirish uchun nomzodlarni maksadli tayyorlash tizimini yanada takomillashtirish to‘g‘risida”gi PQ-3290-sonli Qarori..
11. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 3 dekabrdagi “Iqtidorli yoshlarni saralab olish tizimi va akademik litseylar faoliyatini takomillashtirish chora-tadbirlari to‘g‘risida” PQ-4910-son Qarori.
12. 12. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2022 yil 1 iyundagi “Akademik litseylar rahbar va pedagog xodimlarining uzluksiz malakasini oshirish tizimini joriy etish to‘g‘risda” 296-son Qarori.

## Tiykarg‘i a’debiyatlar


1.Azizxo‘jayeva N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. Toshkent. 2003.
2. Ayjanova Z. A’debiyat sabag‘inda I.Yusupovtin shig‘armalarin үyrenio‘. Nokis. «Bilim», 1993.
3. Ayjanova Z. A’debiyat sabaqlarinda ayrim prozaliq shig‘armalardi үyrenio‘. Nokis. «Bilim», 1991.
4. Allaniyazova Sh., Turdibayev Q., Yusupov Q. Pedagogikaliq praktika. Nokis. «Qaraqalpaqstan», 2011.
5. Axmedov Q. X.H.Niyaziyning «Boy ila xizmatchi» dramasini o‘rganish. Toshkent. 1968.
6. Axmedov S., Paxratdinov A’., Pirnazarov A’. Qaraqalpaq A’debiyatin oqitiw metodikasi. Nokis. «Qaraqalpaqstan», 1988.
7. G‘ulomova N. Adabiyot darslarida ilg‘or pedagogik texnologiyalaridan foydalanish. Toshkent. «RTM», 2003.
8. Davletshin M.G. Zamonaviy maktab o‘qituvchisining psixologiyasi. Toshkent. «O‘zbekiston», 1999.
9. Yuldoshev J.G‘., Usmanov S.A. Pedagogik texnologiya asoslari. Toshkent. «O‘qituvchi», 2004.
10. Tolipov O‘.Q., Usmonboyeva M. Pedagogik texnologiyalarning tatbiqiy asoslari. Toshkent. 2006.
11. Usmonova K. Adabiy ta'limda ilg‘or pedagogik texnologiyalar. Toshkent. 2004.
12. Xusanboyeva Q. Adabiyot–ma’naviyat va mustaqil fikr shakllantirish omili. Toshkent-2009.
13. Xusanboyeva Q. Adabiy taьlimda mustaqil fikrlashga o‘rgatish asoslari. Toshkent-2003.
14. Yusupov K.A. Kamal Mámbetovtıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw usılları. Metodikalıq qollanba. – Nókis: Miraziz Nukus, 2017. – 4 b.t. – 68 b.
15. Yusupov K.A. Sh.Seytov prozasın tallaw usılları. Metodikalıq qollanba. – Nókis: Miraziz Nukus, 2017. – 4,25 b.t. – 68 b.

16. Yusupov K.A. Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın sabaqtan tıs jumıslar arqalı úyreniwdiń ilimiy metodikalıq máseleleri. Metodikalıq qollanba. – Nókis: Miraziz Nukus, 2018. – 5 b.t. – 68 b
17. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 b.t. – 336 b.
18. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde qaraqalpaq A’debiyatin oqitio‘ metodikasi. Monografiya. – Nokis: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 b.t. – 112 b.
19. Yusupov K.A. Qaraqalpaq A’debiyatin interaktiv metodlar menen oqitio‘ usillari // Qoraqalpoq davlat universiteti axborotnomasi. – Nukus, 2011. – №1-2. – S. 58-60. (13.00.00. №13)
20. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde I.Yusupov doretiwshiligin lektsiya tu’rleri menen u’yreniw usillari // Qoraqalpoq davlat universiteti axborotnomasi. – Nukus. 2012. – №3-4. – B. 30-32. (13.00.00. №13)
21. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde yerteklerdi mashqalaliq lektsiya tyri menen oqitio‘ / HA’zirgi filologiya ilimlerinin A’hmiyetli mA’seleleri. Respublikaliq ilimiy-teoriyaliq konferentsiyasinin maqalalar toplami. – Nokis, 2013. – B. 73-75.
22. Yusupov K.A. A’jiniyaz shayirdin lirikasin oqitio‘da interaktiv metodlardin qollanilio‘i / Qaraqalpaq a’debiyatinin jariq juldizlari. Respublikaliq ilimiy-teoriyaliq konferentsiyasinin ilimiy maqalalar toplami. – Nokis: Qaraqalpaqstan, 2015. – B. 42-46.
23. Yusupov K.A. Sh.Seytov prozasinda peyzaj ha’m qaharman obrazin үyrenio‘ ma’seleleri // Qoraqalpoq davlat universiteti axborotnomasi. – Nukus, 2015. – №2. – B. 92-96 (13.00.00. №13).
24. Yusupov K.A. G‘A’rezsizlik dA’o‘irde Berdaq doretio‘shiligin үyrenio‘ / Klassikaliq a’debiyati ja’miyettegi manao‘iy janalanio‘ mA’seleleri. Xaliq araliq ilimiy-teoriyaliq konferentsiya materiallari. – Nokis: Ilim, 2017. – B. 49-51.
25. Yusupov K.A. Poviщeniye interesa uchaщixsya k literature na osnove analiza xudojestvennix proizvedeniy // Ilim ha’m ja’miyet. Nukus davlat pedagogika instituti jurnali. – Nukus, 2018. – №2. – B. 32-34. (13.00.00. №3)
26. Yusupov K.A. Soderjaniye i sposobi izucheniya vneklassnix rabot po karakalpakskoy literature v akademicheskix litseyax / Mejdunarodnaya nauchno-prakticheskaya konferentsiya. Fundamentalьniye nauchniye issledovaniya. – Astana, 2018. – S. 116-122.Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. // Eastern European Scientific Journal. (ISSN 2199-7977). – Germany, 2018. – №3. – P.P.72-75 (13.00.00. №1).
27. Konis A.Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. / Eastern European Scientific Journal. – Germany, 2019. – №1. – P.P. 83-85.
28. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde T.Qayipbergenovtin prozaliq shig‘armalarin oqitiw usillari / Ha’zirgi filologiyasinin A’hmiyetli

mA’seleleri. Respublikaliq ilimiy-teoriyaliq konferentsiya materiallar toplami. – No’kis: Qaraqalpaqstan, 2019. – B. 50-52.
29. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde dramaliq shig‘armalardi interaktiv texnologiyalar menen oqitiw // Mug‘allim hA’m ɣzliksiz bilimlendirio‘. – Nokis, 2019. – №6/1. – B. 4-8 (13.00.00. №20).
30. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde T.Qabulovtin omiri ha’m lirikasin uyreniw // Ilim ha’m ja’miyet. Nukus davlat pedagogika instituti jurnali. – Nukus, 2020. – №1. – B. 106-110 (13.00.00. №3).
31. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde lirikaliq shig‘armalardi tallaw // Qoraqalpoq davlat universiteti axborotnomasi. – Nukus, 2020. – №1. – B. 181-184 (13.00.00. №13).
32. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. (ISSN 2394-5125). – Vol 7, Issue 7, 2020. – №1. – P.P. 349-354 (21100920227.).
33. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde T.Qayipbergenov doretio‘shiligin oqitiw metodikasi // Ilim ha’m ja’miyet. Nukus davlat pedagogika instituti jurnali. Nukus, 2020. №2. B. 100-103 (13.00.00. №3).
34. Yusupov K.A. Akademik litseylarda qoraqalpoq adabiyoti // Til va adabiyot ta’limi. – Toshkent, 2020. – №6. – B. 40-41 (13.00.00. №8).
35. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program // Academicia. An International Multidisciplinary Research Journal (India). (ISSN: 2249-7137). – Vol. 10 Issue 5, 2020. – P.P. 1628-1634 (Impact Factor: SJIF 2020= 7,13).
36. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde O.Xojaniyazov doretiwshiligin u’yreniw // Ilim ha’m ja’miyet. Nukus davlat pedagogika instituti jurnali. – Nukus, 2020. – №1. – B. 32-35. (13.00.00. №3)
37. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program /Cutting edge-science. International scientific and practical conference, USA Conference Proceedings, Shawnee, July, 2020. – P.P. 83-87.
38. Yusupov K.A. Akademiyaliq litseylerde shayir lirikasin uyreniw // Ilm-fan va ta'limning rivojlanish istiqbollari. Respublika ilmiy konferentsiyasi to‘plami. – Toshkent: www.openscience.uz, 25-sentyabr 2020 yil. – №6. – B. 25-28.
39.40. Yusupov K.A. Akademiyaliq litsey oqio‘shilarina K.Ma’mbetov povestlerindegi obrazlardi uyretiw usillari / Ulli ustaz haqqinda soz. Илимий ҳа’м publitsistikaliq maqalalar toplami. – Nokis: Miraziz Nukus, 2020. – B. 175-181.
40. Yusupov K. Akademiyaliq litseylerde jazio‘shilar doretiwshiligin uyreniw / O‘zbekistonda ilmiy-amaliy tadqiqotlar. Respublika 15-ko‘p tarmaqli ilmiy masofaviy onlayn konferentsiya materiallari to‘plami. – Toshkent: Tadqiqot, 30 aprel 2020 yil. – B. 228-230.
41.42. Yusupov K.A. Akademik litseylarda adabiyot darslarini o‘qitish texnologiyalari / Ilm-fan va ta'limning rivojlanish istiqbollari. Respublika

ilmiy birinchi konferentsiyasi to‘plami. – Toshkent: www.openscience.uz, 27 aprel 2020 yil. – №1. (2-qism).  – B. 25-28.
42.
43.Internet saytlari
44.http://www.ziyonet.uz
1.http://www.edu.uz
2.http://www.kitob.uz
3.http: //www.wikipedia.ru
4.abdikamalov.narod.ru